Pwojè Espesyal

Evèk*
Garland F. Byers, Jr., J.D., D.D.‡
Evèk pou Nasyon yo, anba Mandatman Apostolik



Matthias Gerung, lavil Babilòn ki tonbe ak Kavalye sou chwal blan an (Revelasyon 18:9–24; 19:11–21), enliminasyon nan Bib Ottheinrich la, anviwon 1530–1532. Bibliyotèk Leta Bavyè, Minik (Cgm 8010, fol. 302v).

Domèn piblik.

«Nou pa gen anyen pou nou wè ak moun k'ap viv nan fènwa, moun k'ap fè bagay ki p'ap rapòte anyen. Okontrè, denonse yo pou sa yo ye.»

Efèz 5:11 (Bib La)

Depi menm moman Kris la te bay apòt yo mandatman yo epi li te voye yo nan lemonn pou anonse Bon Nouvèl la bay tout nasyon,[1] Legliz la angaje nèt nan yon lagè espirityèl ak fòs fènwa yo, ni nan domèn espirityèl yo,[2] ni fizikman toupatou sou latè.[3] Selon epòk yo, lagè sa a te pran plizyè fòm, tankou: (1) lènmi an k'ap sèvi ak lalwa kòm zam;[4,5] (2) fo pwofèt ki te preche yon nouvo bon nouvèl, pa sa Jezikri, Seyè nou an, te ban nou an;[6] (3) fo doktrin, erezi ak blasfèm tout kalite;[7] (4) pèsekisyon moun ki kwè yo jouk lanmò, jouk yo mouri tankou mati;[8] (5) fè peche tounen yon bagay nòmal ak mwayen sibtil ak riz ki degize an divètisman, ki fabrike ak anpil swen pou atire foul la;[9] (6) distrè moun ki kwè yo ak bagay ki pa gen enpòtans, pandan y'ap atake anmenmtan tou sa ki onèt e ki sen;[10] (7) sèvis zidòl ak adorasyon moun k'ap gouvènen;[11] (8) koule san inonsan;[12] (9) san ki koule tounen yon espektak;[13] (10) peze pòv yo ak lanvi lajan;[14] (11) esklavaj ak kòmès moun;[15] (12) syans okilt, maji ak divinasyon;[16] (13) tirani ak chèf ki mete tèt yo anwo lalwa;[17] (14) koripsyon anndan Legliz la;[18] (15) separasyon ak divizyon nan kò a;[19] (16) apostazi anba presyon;[20] ak lòt bagay ki twòp pou nou ta site yo isit la, ki te touche Legliz la e ki te antrave transmisyon Bon Nouvèl la.[21]

Pwojè Espesyal evèk la kontinye travay sa a jouk jounen jòdi a. Chak pwojè pran yon kesyon evèk la kwè ki mande yon atansyon espesyal nan men Legliz la[22] nan moman sa a nan istwa a.[23] Gen kèk ekri, ki òganize e ki klase anndan yon pwojè sou sit entènèt sa a, ki adrese sèlman bay yon legliz osinon kèk legliz nan dis peyi wa yo.[24] Gen lòt ekri ki adrese dirèkteman bay divès otorite, konpayi, enstitisyon, ak/oswa lòt moun ki mele nan kesyon Pwojè Espesyal la.[25] Yon ekri ki adrese swa bay twazyèm pati ki andeyò legliz la, swa bay legliz yo menm, ka parèt nan seksyon Pwojè Espesyal yo osinon nan seksyon (oswa seksyon yo) ekri ki konsakre pou peyi wa ki konsène yo pami dis peyi wa yo.

Jan evèk la abitye fè l', tout ekri yo resevwa yon nimewo nan lòd dat yo pwodui yo.[26] Chak ekri gen sous li, e tout otorite li sèvi yo site an antye.[27]

Pwojè yo

«Lalwa se zam wa a»

Kijan yo fè lalwa tounen yon zam kont Legliz la ak kont moun ki fidèl yo.

Plan globalis yo pou domine tout lemonn

Yon sèl lòd pou tout lemonn, ak repons Legliz la.

Nòt nan fen

1

«...Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.» Matye 28:18–20 (Bib La). «...Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun.» Mak 16:15 (Bib La). «...Men sa ki te ekri: Kris la gen pou l' soufri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l' soti vivan nan lanmò. Y'a pran non l' pou yo mache fè konnen mesaj la nan tout peyi, kòmanse lavil Jerizalèm, pou mande tout moun pou yo tounen vin jwenn Bondye pou yo ka resevwa padon peche yo.» Lik 24:46–47 (Bib La). «...benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou.» Jan 20:21 (Bib La). «Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.» Travay 1:8 (Bib La). «Fòk yo gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la. Se lè sa a atò lafen an va rive.» Matye 24:14 (Bib La). «Disip yo pati, y' al anonse Bon Nouvèl la toupatou. Seyè a t'ap travay ansanm ak yo: Anmenmtan li t'ap fè anpil mirak tou pou moutre sa yo t'ap di a se vre.» Mak 16:20 (Bib La). «...Ki jan pou yo fè fè konnen mesaj la, si pa gen moun yo voye pou sa? Dapre sa ki te ekri a: Ala bèl bagay lè ou wè moun k'ap pote yon bon nouvèl ap vini!» Ròm 10:15 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Apòt yo te preche nou Bon Nouvèl la sot nan Seyè Jezikri; Jezikri [te fè sa] sot nan Bondye. Kidonk, Bondye te voye Kris la, e Kris la te voye apòt yo. De nominasyon sa yo te fèt nan lòd, dapre volonte Bondye. Se konsa, lè yo te fin resevwa lòd yo, lè rezirèksyon Jezikri, Seyè nou an, te fin ba yo tout asirans, e yo te fin byen chita nan pawòl Bondye, avèk tout asirans Sentespri a, yo soti al anonse Peyi Wa Bondye a te pre.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Klemann Wòm, *Premye lèt pou moun Korint yo*, chap. 42, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

2

«Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan. Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a. Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou.» Efèz 6:11–13 (Bib

La). «M'ap viv koulye a nan yon kò tankou tout moun, se vre. Men, mwen p'ap goumen menm jan ak tout moun. Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. M'ap kraze tout pawòl esplikasyon ki pa bon, m'ap kraze tou sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la...» 2 Korint 10:3–5 (Bib La). «Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout lespri yo ki chita ap donminen, ki gen otorite, ki chèf epi ki gen pouvwa. Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout, epi se pou li li te kreye yo...» Kolòs 1:16 (Bib La). «Gade, mesye! M'ap voye nou tankou mouton nan mitan chen mawon. Se sak fè, se pou nou sou prigad nou tankou pentad, se pou nou inonsan tankou pijon.» Matye 10:16 (Bib La). «Mennen batay pou lafwa a byen...» 1 Timote 6:12 (Bib La). «Tankou yon bon sòlda Jezikri, asepte tout soufrans ki vin pou ou. Lè yon sòlda desèvis, li pa pral chaje tèt li ak pwoblèm lavi si li vle fè chèf li plezi.» 2 Timote 2:3–4 (Bib La). «Menm Akanj Michèl, lè li t'ap plede ak dyab la pou kadav Moyiz, li pa t' penmèt li jije dyab la yon jan pou l' te manke l' dega. Men, li annik di li: Mèt la va regle avè ou.» Jid 9 (Bib La). «Mwen konnen yon moun k'ap viv nan Kris la, ki te transpòte jouk anwo nèt nan syèl la. Sa gen katòzan depase. (Mwen pa konn ki jan sa te fè fèt, mwen pa ka di si l' te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen.) Wi, mwen konnen nonm sa a te santi l' moute jouk anwo nan paradi. M'ap repete, mwen pa ka di si li te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen. Antan l' te la, li tande yon bann pawòl bouch moun pa ka pale, koze moun pa gen dwa repete.» 2 Korint 12:2–4 (Bib La). (Sa moutre gen anpil dimansyon nan monn espirityèl la ak nan lèsyèl.) «Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl revelasyon sa yo mwen resevwa...» 2 Korint 12:7 (Bib La). «Gade non! Se pou Seyè a syèl la ak tou sa ki anwo nèt nan syèl la ye. Se pou li latè ak tou sa ki ladan l' lan ye.» Deteronòm 10:14 (Bib La). «Men, Bondye, èske ou ka rete tout bon sou latè? Ata syèl la pa laj ase pou l' kenbe ou. Ale wè pou ti kay mwen bati pou ou la a!» 1 Wa 8:27 (Bib La). «Seyè, se ou menm ki sèl mèt. Pa gen lòt. Se ou ki fè syèl la, sa ki anwo syèl la ansanm ak tout sa ki ladan l'...» Neemi 9:6 (Bib La). «Se pou yo fè lwanj li anwo nèt nan syèl la. Se pou tout dlo ki pi wo pase syèl la fè lwanj li.» Sòm 148:4 (Bib La). «Enben, kisa sa vle di: Li moute anwo? Sa vle di, li te desann anvan sa jouk kote ki pi fon anba tè a. Moun ki te desann lan, se li menm tou ki te moute anwo nan syèl la, pou l' te kapab plen tou sa ki egziste ak presans li.» Efèz 4:9–10 (Bib La). «Lwanj pou Bondye, Papa Jezikri, Seyè nou an. Se li menm ki beni nou nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. Li ban nou tout kalite benediksyon pou nou ka viv dapre egzijans Lespri Bondye nan syèl la...» Efèz 1:3 (Bib La). «...lè li te fè Kris la leve soti vivan nan mitan mò yo, li fè l' chita sou bò dwat li nan syèl la. Li mete Kris la anwo tout chèf, anwo tout otorite, tout pouvwa ak tout dominasyon. Kris la pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman koulye a sou latè, men nan tan ki gen pou vini an tou...» Efèz 1:20–21 (Bib La). «Ann kenbe fèm nan konfyans nou genyen an, paske nou gen Jezi, pitit Bondye a, k'ap sèvi nou yon gwo granprèt, li travèse syèl la jouk li rive devan Bondye menm.» Ebre 4:14 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Se sak fè, veye pou nou reyini souvan pou di Bondye mèsi, e pou fè lwanj li parèt. Paske lè nou reyini souvan nan menm kote a, pouvwa Satan yo detwi...» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Ignas Antiòch, *Lèt pou moun Efèz yo*, chap. 13, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

3

«Seyè a mande l' konsa: -Kote ou soti? Satan reponn: -M' sot moute desann toupatou sou latè. Mwen t'ap pwonmennen gade!» Jòb 1:7 (Bib La). «Lamenm, Satan vire do l', li ale. Li fè gwo bouton pete sou tout kò Jòb, depi anba pla pye l' jouk nan po tèt li.» Jòb 2:7 (Bib La). «Yon jou, Satan move sou pèp Izrayèl la, li pouse David al konte konbe moun ki nan pèp Izrayèl la.» 1 Istwa 21:1 (Bib La). «Apre sa, Seyè a fè m' wè Jozye, granprèt la, ki te kanpe devan zanj Seyè a. Satan menm te kanpe sou bò dwat Jozye pou l' te ka akize l'.» Zakari 3:1 (Bib La). «Nan denmen maten, domestik pwofèt la leve byen bonè, li soti. Li wè te gen yon gwo lame ki te sènen tout lavil la ak anpil chwal ak anpil cha lagè. Lamenm, l' al di Elize: —Mèt, mèt, malè sou nou! Kisa nou pral fè la a? Elize reponn li: —Ou pa bezwen pè! Nou gen plis moun avèk nou pase yo. Lèfini, Elize lapriyè Seyè a, li di: —Seyè, tanpri louvri je l' pou l' wè! Seyè a louvri je domestik la. Domestik la wè tout mòn lan te kouvri ak flanm difè an fòm kavalye ak cha lagè bò kote Elize.» 2 Wa 6:15–17 (Bib La). «Lè wa Nèbikadneza tande pawòl sa yo, li fè yon sèl kolè, li move sou Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Li bay lòd pou yo chofe fou a sèt fwa plis pase jan yo te konn fè l' la. Lèfini, li mande pou kèk sòlda ki pi gwonèg nan lame li a vin mare Chadrak, Mechak ak Abèdnego byen mare, apre sa pou lage yo jete nan gwo fou tou limen an. Se konsa yo pran mesye yo, yo mare yo byen mare, yo jete yo nan gwo fou tou limen an ak tout rad sou yo, soulye nan pye yo ak gwo mouchwa mare tèt yo. Lòd wa a te bay la te sevè, kifè yo te chofe fou a anpil anpil. Se konsa flanm difè ki t'ap soti nan fwa a boule gad ki t'ap jete mesye yo nan difè a. Yo mouri. Twa mesye yo menm, Chadrak, Mechak ak Abèdnego, tonbe tou mare nan gwo fou tou limen an. Apre sa, wa Nèbikadneza rete konsa li leve voup, tankou yon moun ki sezi. Li mande moun ki te avè l' yo: -Eske se pa t' twa moun tou mare nou te lage nan gwo fou tou limen an? Yo reponn li: -Se sa wi, monwa! Wa a di yo ankò: -Ki jan fè se kat moun mwen wè k'ap mache nan difè a? Yo yonn pa mare. Difè a pa fè yo anyen. Katriyèm moun lan menm sanble yon pitit bondye yo.» Danyèl 3:19–25 (Bib La). «Se konsa, wa a bay lòd pou yo pran Danyèl, pou yo jete l' nan gwo twou kote lyon yo ye a. Li di Danyèl konsa: -Mwen mande pou Bondye w'ap sèvi san dezanpare a delivre ou! Yo pote yon gwo wòch. Yo mete l' anwo bouch twou a pou fèmen l'. Lèfini, yo mete sele sou li, wa a siyen l' ansanm ak lòt chèf yo. Konsa, pesonn pa ta ka vin sove Danyèl. Apre sa, wa a tounen nan palè a. Jou swa sa a li pa manje, li pa fè chache ankenn nan fanm kay li yo. Li pase nwit lan san l' pa fèmen je l'. Nan maten, lè bajou kase, wa a leve, li kouri al bò twou lyon an. Lè li rive, li pwoche bò bouch twou a. Kè l' te sere lè li rele Danyèl, li di: -Danyèl, sèvitè Bondye vivan an, èske Bondye w'ap sèvi san dezanpare a te rive delivre ou anba lyon yo? Danyèl pale, li di wa a: -Se pou Bondye bay monwa lavi pou lontan ankò! Bondye mwen an voye zanj li, li fèmen bouch lyon yo pou yo pa fè m' anyen. Li fè sa paske li konnen mwen inonsan. Epi ou menm tou, monwa, ou konnen m' pa fè ou anyen ki mal, pa vre?» Danyèl 6:16–22 (Bib La). «Li di m' konsa: -Ou pa bezwen pè, Danyèl. Bondye te tande lapriyè ou la depi premye jou ou te pran desizyon soumèt ou devan Bondye ou pou ou te ka rive gen bon konprann. Se poutèt lapriyè ou la mwen vin ba ou repons Bondye a. Zanj chèf peyi Pès la te kenbe tèt avè m' pandan venteyen jou. Apre sa, Michèl, yonn nan chèf zanj Bondye yo, vin pote m' sekou paske mwen te pou kont mwen nan peyi Pès la.» Danyèl 10:12–13 (Bib La). «Lè sa a, Satan antre nan tèt Jida yo te rele Iskariòt la, yonn nan douz disip yo.» Lik 22:3 (Bib La). «Yon jou nou tapral kote yo konn lapriyè a, nou kontre ak yon tifi. Se te yon sèvant, li te gen yon move lespri sou li ki te fè l' konn pase kat pou moun. Lè konsa tifi a te fè mèt li yo fè anpil lajan. Li tanmen swiv Pòl ak nou, li t'ap rele byen fò: Mesye sa yo se sèvitè Bondye ki anwo nan syèl la. Y'ap fè nou konnen chemen pou n' pran pou n' ka jwenn delivrans. Li t'ap fè sa pandan plizyè jou. Pòl menm te bouke ak fi a. Li vire, li di lespri a: Nan non Jezikri, mwen ba ou lòd, soti sou fi a. Menm lè a, lespri a soti

sou li. Lè mèt sèvant lan wè yo te pèdi tout espwa fè lajan ak tifi a, yo mete men sou Pòl ak Silas, yo trennen yo sou plas piblik la devan otorite yo. Yo mennen yo devan chèf lavil Wòm yo, epi yo di: Mesye sa yo ap fè dezòd nan lavil nou an. Se jwif yo ye. Y'ap plede moutre moun yo yon bann bagay lalwa nou an pa pèmèt. Nou menm, se moun lavil Wòm nou ye, nou pa ka asepte fè bagay sa yo. Foul moun yo te moute kont yo tou. Chèf women yo fè rache rad ki te sou Pòl ak Silas, epi yo bay lòd pou bat yo ak fwèt.» Travay 16:16–22 (Bib La). «Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore...» 1 Piè 5:8 (Bib La). «Lè sa a, yon sèl batay pete nan sièl la: Michèl ak zanj li yo pran goumen ak dragon an. Dragon an menm te gen zanj pa l' yo avè l' pou goumen ak Michèl. Men, dragon an pèdi batay la, yo pa ba l' dwa rete nan sièl la ankò, ni li menm, ni zanj li yo. Yo jete gwo dragon an deyò. Se li menm, sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele diab la osinon Satan, k'ap plede twonpe tout moun. Yo voye l' jete sou latè ansanm ak tout zanj li yo. Apre sa, mwen tande yon gwo vwa nan sièl la ki t'ap di: Koulye a, Bondye pral vin delivre nou. Koulye a Bondye fè wè li gen pouvwa, se li ki sèl Mèt! Koulye a, Kris li a fè wè otorite li. Paske, moun ki t'ap plede akize frè nou yo, moun ki te kanpe la devan Bondye, lajounen kou lannwit, ap pote plent pou yo a, yo mete l' deyò nan sièl la. Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a: yo pa t' renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò. Se poutèt sa, fè kè n' kontan, nou menm sièl ak tout moun ki rete nan sièl la. Men, malè pou latè ak lanmè, paske Satan desann sou nou. Li move anpil, paske li konnen pa rete l' anpil tan ankò.» Revelasyon 12:7–12 (Bib La). «(17-18) Se pa ti move dragon an te move sou fanm lan. li al goumen avèk lòt pitit fanm lan, sa vle di ak tout moun k'ap obeyi kòmandman Bondye yo, k'ap kenbe fèm nan verite Jezi te fè nou konnen an...» Revelasyon 12:17 (Bib La). «Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon.» Revelasyon 13:7 (Bib La).

4

«Eske ou nan konfyolo avèk jij pèvèti sa yo, k'ap fè mechanste yo pase pou lalwa? Y'ap fè konplo sou moun ki mache dwat yo, y'ap kondannen inonsan yo amò.» Sòm 94:20–21 (Bib La). «Madichon pou chèf k'ap bay move lòd pou kache lenjistis y'ap fè, k'ap ekri move lwa pou peze pèp la! Se konsa, yo enpoze pòv malere yo defann dwa yo. Yo fè jijman ki pou ta nan avantaj pèp la tounen nan avantaj pa yo. Y'ap piye fanm ki pèdi mari yo, y'ap vòlò byen timoun ki san papa yo!» Ezayi 10:1–2 (Bib La). «Lè sa a, farawon an bay pèp la lòd sa a: -Se pou nou jete tout ti gason ki fèt lakay moun ebre yo nan gwo larivyè a. Men, kite tout ti fi yo viv.» Egzòd 1:22 (Bib La). «Lè sa a, Aman al di wa a: -Monwa, gen yon ras moun ki gaye nan tout peyi w'ap gouvènen yo, yo toupatou nan mitan pèp yo, men yo viv apa. Mès pa yo pa menm ak mès lòt pèp yo. Lèfini, yo derefize obeyi lòd ou bay yo. Li pa ta bon pou wa a fèmen je l' sou sa. Si wa a ta vle, li ta bay lòd pou yo touye yo. Si wa a fè sa, m'ap ranmase twasanswasannkenz (0375) tòn ajan nan men anplwaye leta yo m'a mete nan kès wa a.» Estè 3:8–9 (Bib La). «Yo voye mesaje kouri pote piblikasyon an nan tout peyi ki anba kòmandman wa a. Piblikasyon an te bay lòd pou lè trèzyèm jou mwa Ada a va rive, yon sèl jou a pou yo te touye tout jwif yo, granmoun kou jennmoun, fanm kou timoun. Se pou yo te masakre yo san pitye, lèfini pou yo te piye tout byen yo.» Estè 3:13 (Bib La). «Yonn nan moun ki te konn fè piblikasyon yo pran pale byen fò, li di: -Nou menm moun tout nasyon, moun tout ras ki pale tout kalite lang, men lòd yo ban nou. Talè konsa nou pral tande yo kònen twonpèt. Apre sa, yo pral jwe fif, bandjo, gita. Lèfini, yo pral jwe tout lòt enstriman mizik yo ansanm. Lè mizik la konmanse, se pou nou mete ajenou devan estati lò wa Nèbikadneza te fè fè a. Se pou nou adore l'. Tout moun ki refize mete ajenou devan estati

a pou adore l', y'ap pran l' al lage tou vivan anndan yon gwo fou tou limen.» Danyèl 3:4–6 (Bib La). «Lè sa a, lòt gwo chèf yo ansanm ak prefè yo t'ap chache yon okazyon pou yo antrave Danyèl nan travay leta a. Men, yo pa t' ka jwenn anyen pou yo repwoche l' sitèlman Danyèl te yon nonm serye nan tou sa l'ap fè. Li pa t' pote ankenn neglijans ni pa t' gen ankenn mank nan travay li. Lè sa a yonn di lòt: -Nou pa ka jwenn anyen ki mal nan travay Danyèl ap fè a. Ann chache nan jan l'ap sèvi Bondye l' la. Se konsa yo kouri al jwenn wa a, yo di l' konsa: -Wa Dariyis, nou mande pou bondye yo ba ou lavi pou lontan ankò! Tout gwo chèf nan peyi a ansanm ak prefè yo, gouvènè yo, minis yo ak lòt chèf yo, nou tout, nou dakò pou wa a pase yon lòd sevè ki mande pou tout moun lapriyè nan pye wa a ase pandan trant jou. Nenpòt moun ki ta dezobeyi lòd sa a, epi ki ta lapriyè nan pye yon bondye osinon yon lòt moun pandan tan sa a, se pou yo jete l' nan gwo twou lyon yo.» Danyèl 6:4–7 (Bib La). «Jwif yo reponn li: Nou gen yon lwa. Dapre lwa sa a, li gen pou l' mouri paske li fè tèt li pase pou Pitit Bondye.» Jan 19:7 (Bib La). «Men, pou nouvèl la pa gaye plis nan pèp la, n'ap kraponnen yo, n'ap defann yo pale ak pesonn nan non Jezi. Apre sa, yo fè rele apòt yo, yo pase yo lòd pou yo pa janm pale ni moutre pèp la anyen nan non Jezi.» Travay 4:17–18 (Bib La). «...Lè yo pa jwenn yo, yo trennen Jazon ansanm ak kèk frè devan chèf yo ki nan lavil la. Yo pran pale byen fò, yo t'ap di: Mesye sa yo ap mache fè dezòd toupatou. Men, koulye a yo rive jouk isit la. Jazon menm resevwa mesye yo lakay li. Mesye sa yo ap aji kont lalwa Seza: y'ap di gen yon lòt wa yo rele Jezi.» Travay 17:6–7 (Bib La). «Paske, sa ki pa t' janm rive anvan, ras moun ki gen krentif pou Bondye yo ap soufri pèsekisyon koulye a, yo kouri dèyè yo nan Azi akoz nouvo dekrè. Paske moun k'ap denonse moun san wont yo, moun ki anvi byen lòt moun yo, pran pretèks dekrè yo pou yo fè piyaj aklè lajounen kou lannwit, pou yo piye moun ki pa koupab okenn mal.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 1) Meliton Sad, jan Ezèb site l' nan *Istwa eklezyastik* 4.26.5, trad. Arthur Cushman McGiffert, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 1, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1890). «Ki baz jijman sa a genyen? Poukisa ou pini nonm sa a, ki pa adiltè, ni moun k'ap fè imoralite, ni ansasen, ni vòlè, ni piyajè, ni yo pa kondannen l' pou okenn krim ditou, men ki sèlman konfese yo rele l' kretyen?» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Jisten Mati, *Dezyèm Apoloji*, chap. 2, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Li entèdi pou yo chache yo tankou inonsan, epi li kòmande pou yo pini yo tankou koupab.» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *Apoloji*, chap. 2, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

5

Sitasyon ki vin apre yo moutre lè yo sèvi ak lalwa pou yon bon rezon, pou pwoteje lavi moun inonsan, kont vòl byen moun, ak kont lòt zak dezòd ki fè lòt moun mal oswa ki mete enstabilite ak ensekirite nan lavi sitwayen yo. Fò nou mete sa an kontras ak lè yo sèvi ak lalwa kòm zam kont pèp la, pou angrese klas k'ap gouvènen an sou do sitwayen yo, pou peze sitwayen yo e vòlò dwa Bondye ba yo, e pou rive fè sitwayen yo tounen esklav nèt, pou avantaj yon ti gwoup moun ki rele bondye lemonn sa a mèt yo («Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo...» 2 Korint 4:4 (Bib La)). «Tande byen: moun ki fè sa ki byen pa bezwen pè chèf k'ap gouvènen yo. Se moun ki fè sa ki mal ki pou pè yo. Eske ou ta vle pa pè chèf? Enben, fè sa ki byen; se lwanj ase wa resevwa nan men yo. Paske chèf yo se nan sèvis Bondye yo ye pou byen nou. Men, si w'ap fè sa ki mal, ou mèt tranble, paske se pa pou gremesi yo gen pouvwa peni moun. Lè sa a, se sèvis Bondye y'ap fè tou. Y'ap fè nou wè kòlè Bondye lè y'ap peni moun ki fè sa ki mal.» Ròm 13:3–4 (Bib La). «Soumèt devan tout otorite lèzòm etabli.

Fè sa pou Bondye. Soumèt devan wa a, paske se li ki pi gwo chèf. Soumèt devan majistra yo, paske wa a voye yo pou peni tout moun k'ap fè mal, pou fè lwanj tout moun k'ap fè byen.» 1 Piè 2:13–14 (Bib La). «Pou konmanse, m'ap mande pou nou lapriyè Bondye pou tout moun. Fè l' tout kalite demann pou yo, mande l' padon pou yo, di l' mèsi pou yo. Se pou nou lapriyè pou chèf yo ak tout lòt moun ki gen otorite nan men yo, pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak yon konpòtman ki respektab sou tout pwen.» 1 Timote 2:1–2 (Bib La). «N'a mete jij ak majistra nan chak lavil Seyè a, Bondye nou an, va ban nou pou dirije tout branch fanmi nou yo. Y'a fè travay yo san patipri. Piga yo fè ankenn lenjistis. Piga yo gade sou figi moun pou jije yo. Piga yo pran lajan anba nan men pesonn paske lajan konsa ka anpeche menm moun ki gen konprann wè klè, li ka fè nou kondannen moun inonsan. Pa janm kite anyen anpeche nou rann jistis jan nou dwe fè l' la. Konsa, n'a kapab viv, n'a kapab pran peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an pou nou.» Deteronòm 16:18–20 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Se poutèt sa, se Bondye ki tabli pouvwa sou latè pou byen nasyon yo, se pa dyab la, ki pa janm repoze ditou, ki pa renmen wè menm nasyon yo ap viv nan kalm; konsa, akoz lakrent pouvwa lèzòm, moun pa manje lòt tankou pwason; men, pa mwayen lwa yo tabli, yo ka kenbe mechanste twòp la anba nan mitan nasyon yo.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Irene Lyon, *Kont erezi yo* 5.24.2, trad. Alexander Roberts ak William Rambaut, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Paske kouraj, ki nan lagè pwoteje peyi yon moun kont barbar yo, oswa ki lakay li defann moun ki fèb yo, oswa zanmi l' kont vòlè, plen jistis...» (tradui apati tèks anglè NPNF2 10) Ambwaz Milan, *Sou devwa klèje yo* 1.27.129, trad. H. de Romestin, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 10, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1896).

6

«Pran prekosyon nou ak fo pwofèt yo. Yo pran pòz ti mouton yo lè y'ap vin sou nou, men nan fon kè yo, se bèt devoran yo ye.» Matye 7:15 (Bib La). «Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a twonpe anpil moun.» Matye 24:11 (Bib La). «Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab.» Matye 24:24 (Bib La). «Mwen sezi wè jan nou prese vire do bay Bondye ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n' al swiv yon lòt kalite bon nouvèl. Pou di vre, pa gen okenn lòt bon nouvèl. Men, mwen di sa paske gen moun k'ap plede chaje tèt nou, ki vle chanje anpil bagay nan bon nouvèl Kris la. Enben, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te anonse nou an, moun sa a li te mèt se mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl, madichon pou li!» Galasi 1:6–8 (Bib La). «Mwen di sa paske mwen wè nou kite nenpòt ki moun vin fè nou konnen yon Jezi ki pa menm ak Jezi mwen te fè nou konnen an, epi nou pa di anyen. Mwen wè nou pare pou n' asepte yon lespri ak yon mesaj ki pa menm ni ak Lespri Bondye a, ni ak bon nouvèl mwen te ban nou an.» 2 Korint 11:4 (Bib La). «Moun sa yo, se pòz apòt yo y'ap pran. Y'ap bay manti sou travay yo, y'ap fè tèt yo pase pou apòt Kris la. Pa gen anyen la a ki pou fè n' sezi: ata Satan ka ranje kò l' pou l' pran pòz yon zanj limyè. Si moun k'ap sèvi Satan yo pran pòz moun k'ap sèvi sa ki byen, pa gen anyen ki dwòl nan sa. Men, bout pou bout y'a jwenn sa y'ap chache a.» 2 Korint 11:13–15 (Bib La). «Mwen konnen tou, apre m' fin ale, gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la, tankou chen mawon nan yon bann mouton. Gen moun k'ap soti nan mitan nou menm menm, k'ap kanpe pou bay manti, pou chache rale kèk disip dèyè yo.» Travay 20:29–30 (Bib La). «Malgre sa, te gen kèk fo pwofèt nan mitan pèp Bondye a nan

tan lontan. Konsa tou, va gen kèk direktè nan mitan nou k'ap bay manti. Yo pral vin ak yon bann bèl pawòl ki pa vre pou yo seye pèdi nou. Y'ap vire do bay Mèt la ki te delivre yo. Y'ap rale yon chatiman sou tèt yo k'ap detwi yo lapoula.» 2 Piè 2:1 (Bib La). «Mezanmi, nou pa bezwen kwè tout moun k'ap di yo gen Lespri Bondye a. Men, se pou n' sonde yo pou nou wè si lespri yo genyen an soti nan Bondye vre. Paske, gen yon bann fo pwofèt ki gaye toupatou sou latè a.» 1 Jan 4:1 (Bib La). «Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande. Yo p'ap vle tande verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre.» 2 Timote 4:3–4 (Bib La). «Mwen konnen tou sa w'ap fè, jan ou travay di, jan ou gen pasians. Mwen konnen tou ou pa ka sipòte mechan yo: ou sonde tout moun sa yo k'ap pran pòz apòt yo. Ou dekouvri se mantò yo ye...» Revelasyon 2:2 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Men, se pa tout moun ki pale nan Lespri a ki pwofèt; se sèlman si li kenbe chemen Seyè a. Se poutèt sa, se nan chemen yo n'a rekonèt fo pwofèt la ak pwofèt la.» (tradui apati tèks anglè ANF 7) *Didache*, chap. 11, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 7 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886).

7

«Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènye tan an, gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon bann pawòl ki soti nan move lespri yo. Y'ap kite yon bann moun ipokrit fè yo pèdi tèt yo ak manti. Konsyans moun sa yo fini, ou ta di yo boule ak yon fè cho...» 1 Timote 4:1–2 (Bib La). «Si yon moun vle mete divizyon, pale avè l' yon premye fwa, yon dezyèm fwa. Si li pa koute ou, pa okipe li. Paske ou konnen byen yon moun konsa fin pèdi. Sè pwòp peche li yo k'ap kondannen li.» Tit 3:10–11 (Bib La). «M'ap ban nou yon dènye ti konsèy, frè m' yo: Veye kò nou ak moun k'ap simen divizyon, k'ap pale kont sa yo te moutre nou an pou fè moun ki kwè yo pèdi tèt yo. Moun konsa, se pa Kris la, Seyè nou an, y'ap sèvi. Se vant yo y'ap sèvi. Y'ap bay bèl pawòl, y'ap fè bèl diskou pou achte figi moun. Se konsa yo pran tèt ti inonsan yo.» Ròm 16:17–18 (Bib La). «Zanmi m' yo, mwen pa t' manke anvi ekri nou pou m' te pale nou sou jan Bondye delivre nou tout ansanm lan. Men, m' blije ekri nou koulye a pou mwen kapab ankouraje nou, pou nou pran defans lafwa Bondye te bay yon sèl fwa pou tout tan an, pou tout moun pa l' yo.» Jid 3 (Bib La). «Se poutèt sa, m'ap di nou: Bondye va padonnen moun tout peche yo va fè, tout move pawòl ki va soti nan bouch yo. Men, kanta moun ki va pale mal sou Sentespri a, pa gen padon pou yo.» Matye 12:31 (Bib La). «Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle pandan karannde mwa. Bèt la pran pale Bondye mal, li pase non Bondye nan betiz ansanm ak kote Bondye rete a, ak tout moun ki rete nan sièl la.» Revelasyon 13:5–6 (Bib La). «Se poutèt sa, mwen menm, men se pa mwen, se renmen Jezikri, m'ap sipliye nou pou nou sèvi sèlman ak manje kretyen, e pou nou evite tout lòt kalite zèb; mwen vle di erezi. Paske moun [ki lage kò yo nan sa] melanje Jezikri ak pwòp pwazon yo, yo di bagay ki pa merite okenn konfyans, tankou moun ki bay yon pwazon ki touye moun nan yon diven dous, e moun ki pa konnen sa bwè l' ak gwo apeti, ak yon plezi ki fatal ki mennen l' nan pwòp lanmò li.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Ignas Antiòch, *Lèt pou moun Tral yo*, chap. 6, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

«Vrèman, yo pa janm prezante erè a toutouni ak tout lèd li, pou moun pa ta rekonèt li touswit lè li ekspoze konsa.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Irene Lyon, *Kont erezi yo* 1, prefas, sek. 2, trad. Alexander Roberts ak William Rambaut, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

8

«Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.» Matye 5:10–12 (Bib La). «Tout moun pral rayi nou poutèt mwen. Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se yo ki va sove.» Matye 10:22 (Bib La). «Chonje sa m' te di nou: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Si yo pèsekite m', y'a pèsekite nou tou. Si yo fè sa m' te moutre yo, y'a fè sa n'a moutre yo tou.» Jan 15:20 (Bib La). «Y'a mete nou deyò nan sinagòg yo. Yon lè, moun k'ap touye nou yo va met nan tèt yo se sèvis y'ap rann Bondye lè yo fè sa.» Jan 16:2 (Bib La). «Pandan yo t'ap voye wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Seyè Jezi, resevwa lespri mwen. Apre sa, li tonbe ajenou, li rele byen fò: Seyè, pa mete peche sa a sou kont yo. Lè l' fin di sa, li mouri.» Travay 7:59–60 (Bib La). «Nan menm epòk sa a, wa Ewòd te pran maltrete kèk manm nan legliz la. Li fè touye Jak, frè Jan an, ak nepe.» Travay 12:1–2 (Bib La). «Gen lòt ladan yo moun pase anba betiz, yo bat yo byen bat. Gen lòt ankò yo mare yo ak chenn, yo jete yo nan prizon. Yo touye yo anba kout wòch, yo siye yo fè de moso, yo touye yo ak nepe. Se kouri yo t'ap kouri soti yon kote al nan yon lòt tèlman moun t'ap pèsekite yo, tèlman yo t'ap maltrete yo. Se po mouton ak po kabrit yo pran sèvi rad tèlman yo te pòv...» Ebre 11:36–37 (Bib La). «Tout moun ki vle viv nan sèvis Bondye ansanm ak Jezikri gen pou soufri pèsekisyon.» 2 Timote 3:12 (Bib La). «Ou pa bezwen pè pou sa ou pral soufri ankò. Koute, Satan pral chache sonde nou tout, li pral jete anpil nan nou nan prizon. Nou pral soufri pandan dis jou. Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n' mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans.» Revelasyon 2:10 (Bib La). «Apre sa, ti Mouton an kase senkièm sele a. Lè sa a, mwen wè anba lotèl la nanm tout moun yo te touye paske yo t'ap fè konnen Pawòl Bondye a, paske yo t'ap di verite a jan l' ye a...» Revelasyon 6:9 (Bib La). «Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a: yo pa t' renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò.» Revelasyon 12:11 (Bib La). «...Voye kretyen yo bay lyon an!» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *Apoloji*, chap. 40, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Plis nou koupe nou tankou zèb, plis nou vin anpil; san kretyen yo se semans.» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *Apoloji*, chap. 50, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

9

«Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Seyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa. Eske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?» Jenèz 3:1 (Bib La). «Men, mwen pè pou lespri nou pa pèvèti, pou nou pa manke Kris la pawòl, pou nou pa tonbe nan dezòd tankou Ev ki te kite sèpan an vire lòlòj li ak riz li yo.» 2 Korint 11:3 (Bib La). «Pa gen anyen la a ki pou fè n' sezi: ata Satan ka ranje kò l' pou l' pran pòz yon

zanj limyè.» 2 Korint 11:14 (Bib La). «Nan denmen maten yo leve byen bonè, yo touye bèt, yo boule yo nèt ofri bay Seyè a. Yo touye lòt bèt tou pou di l' mèsi. Apre sa, pèp la chita, yo manje, yo bwè. Lèfini, yo leve pou yo pran plezi yo.» Egzòd 32:6 (Bib La). «Piga nou sèvi zidòl tankou kèk ladan yo te fè l', jan sa ekri nan Liv la: Pèp la chita, yo manje, yo bwè. Lèfini, yo leve pran plezi yo.» 1 Korint 10:7 (Bib La). «Pèp Izrayèl la vin moute tant yo nan Fon Zakasya yo. Lè sa a, mesye yo konmanse lage kò yo nan vagabondaj ak fanm peyi Moab yo. Medam peyi Moab yo menm envite yo nan seremoni ofrann bèt yo t'ap touye pou bondye pa yo. Moun pèp Izrayèl yo ale vre, yo manje epi yo sèvi bondye moun Moab yo.» Resansman 25:1–2 (Bib La). «Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: ou gen kèk moun lakay ou k'ap swiv konsèy Balaram te bay lè li te moutre Balak sa pou l' te fè pou fè pitit Izrayèl yo tonbe nan peche, pou l' te fè yo manje viann bèt yo te ofri pou touye bay zidòl, pou l' te fè yo lage kò yo nan imoralite.» Revelasyon 2:14 (Bib La). «Men, jou fèt Ewòd la, pitit fi Ewodyad la t'ap danse devan tout envite yo. Sa te fè Ewòd plezi anpil. Lè sa a, Ewòd sèmante l'ap ba li nenpòt kisa li ta mande li. Pitit fi Ewodyad la menm koute konsèy manman l' te ba li, li di Ewòd: Fè pote tèt Jan Batis ban mwen koulye a sou yon plato. Kè wa a kase. Men, akòz gwo sèman li te fè devan tout envite yo, li bay lòd pou yo bay fi a sa l' te mande a. Se konsa, Ewòd voye koupe tèt Jan Batis nan prizon an.» Matye 14:6–10 (Bib La). «...te etabli nèt pou dyab la...» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *Espektak yo, oswa De Spectaculis*, chap. 24, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Okòmansman, teyat la te yon tanp Venis tout bon...» «De move lespri sa yo fè yon alyans ak sèman yonn ak lòt, kòm patwon soulay ak lanvi lachè.» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *De Spectaculis*, chap. 10, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «...pwòp kay espesyal endesans...» kote «anyen pa gen bon repitasyon eksepte sa ki gen move repitasyon lòt kote.» (tradui apati tèks anglè ANF 3) Tètilyen, *De Spectaculis*, chap. 17, trad. S. Thelwall, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 3 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Pyès teyat yo te rale m' tou, plen ak imaj mizè mwen ak bwa pou dife mwen. Poukisa moun renmen pou yo fè l' tris lè l'ap gade sèn ki tris e trajik, alòske li menm li pa ta janm vle soufri bagay konsa?» (tradui apati tèks anglè NPNF1 1) Ogisten, *Konfesyon* 3.2.2, trad. J. G. Pilkington, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 1ye seri, vol. 1, ed. Philip Schaff (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «...gen kèk moun ki kite nou, ki abandone nou pou espektak kous chwal...» «...tankou yon prizonye dyab la, èske yo te trennen ou al nan espektak sa a?» «...dyab la ap toumante twoupo sa a...» (tradui apati tèks anglè Mark Vermes) Jan Krizostòm, *Kont kous chwal yo ak teyat la* (*Contra ludos et theatra*), trad. Mark Vermes (2012), bay nan domèn piblik, The Tertullian Project, tertullian.org. Nan Konsil Elvira, «yo te deside aktè yo te ka resevwa batèm, men sèlman si yo kite kalite lavi sa a», e nan Konsil Arl (314), «yo te deklare theatrici ak agitatores (aktè ak kondiktè cha nan jwèt yo) eskominye». (tradui apati tèks anglè) Herbert Thurston, «Theatre», nan *The Catholic Encyclopedia*, vol. 14 (New York: Robert Appleton Company, 1912). «Pouvwa sinema a chita nan sa: li pale ak imaj ki vivan e konkrè.» «Yo se okazyon peche; yo sedui jèn moun nan chemen mal lè yo glorifye pasyon yo.» «...pou sinema a pa yon lekòl koripsyon ankò.» (tradui apati tèks anglè) pap Pi XI, *Vigilanti Cura*, lèt ansiklik sou sinema, 29 jen 1936 (Vil Vatikan: Libreria Editrice Vaticana), vatican.va.

10

Je Pyè sou Kris la, apre sa sou tanpèt la

«Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm vre, di m' vin jwenn ou sou dlo a. Jezi di li: Vini non. Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou li al jwenn Jezi. Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non! Menm lè a, Jezi lonje men l', li pran Pyè, li di li: Gade jan ou manke konfyans. Poukisa ou pa te fin kenbe konfyans ou nèt?» Matye 14:28–31 (Bib La). «Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou. Ann kouri avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an. Ann kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan li konfyans nou soti, se li menm tou k'ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa kaba. Li kite yo fè l' soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske li te toujou chonje apre l' te fin soufri a, Bondye t'ap fè kè l' kontan. Kifè koulye a li chita sou bò dwat fotèy Bondye a.» Ebre 12:1–2 (Bib La).

Pòl sou lespri lemonn ak kwa a

«Paske, gen anpil moun k'ap viv tankou moun ki pa vle tande pale jan Kris la mouri sou kwa a. Mwen te deja di nou sa, koulye a m'ap di nou sa ankò ak dlo nan je mwen: Moun sa yo ap rive fin detwi tèt yo. Se vant yo ki bondye yo. Yo pran plezi yo nan bagay ki pou ta fè yo wont pito. Se bagay lemonn ase ki nan tèt yo.» Filip 3:18–19 (Bib La). «Se vre wi, frè m' yo. Mwen pa kwè mwen deja mete men m' sou kote m' dwe rive a. Men, mwen gen yon sèl bagay pou m' fè, se pou m' bliye tou sa ki dèyè m' pou m' fè jefò pou m' mete men m' sou sa ki devan m' lan. Konsa, m'ap kouri dwat devan m' sou mak kote m' prale a, pou m' ka jwenn rekonpans Bondye rele m' vin resevwa nan syèl la, gremesi Jezikri.» Filip 3:13–14 (Bib La). «Pou mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay pase pou kwa Kris la. Paske, gremesi kwa sa a, mwen mouri pou lemonn, lemonn mouri pou mwen.» Galasi 6:14 (Bib La). «Mwen te mete nan tèt mwen pou m' te bliye tout bagay sa yo. Yon sèl bagay mwen te konnen tout tan mwen te la ansanm ak nou an, se Jezikri, epi sèlman Jezikri yo te kloure sou kwa a.» 1 Korint 2:2 (Bib La). «Nou menm ki deja leve soti vivan ansanm ak Kris la nan lanmò, se pou nou chache bagay ki anwo nan syèl la kote Kris la chita sou bò dwat Bondye. Pa kite bagay ki sou latè pran tèt nou, mete lide nou sou bagay ki anwo nan syèl la.» Kolòs 3:1–2 (Bib La). «Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale.» Ròm 12:2 (Bib La). «Paske, mwen p'ap konsidere bagay moun wè, men bagay moun pa wè. Sa moun wè, se bagay ki pa la pou lontan, men sa moun pa wè, se bagay ki la pou tout tan.» 2 Korint 4:18 (Bib La). «Paske, Demas lage m', li te renmen bagay ki nan lemonn lan twòp. Li pati, li ale Tesalonik. Kresan pou tèt pa l' al nan peyi Galasi, Tit ale Dalmasi...» 2 Timote 4:10 (Bib La). «Lè yon sòlda desèvis, li pa pral chaje tèt li ak pwoblèm lavi si li vle fè chèf li plezi.» 2 Timote 2:4 (Bib La). «...pou pa bay Satan okenn avantaj sou nou. Paske nou konnen byen pwòp sa Satan gen nan tèt li.» 2 Korint 2:11 (Bib La).

Jan ak Jak sou renmen lemonn

«Pa renmen lemonn, ni anyen ki soti nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li. Bagay ki soti nan lemonn se egzijans lachè, se gwo tanta, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil byen sou latè. Tou sa pa soti nan Papa a. Se nan lemonn sa soti. Se pase lemonn ap pase, ansanm ak tou sa moun jwenn ladan l' yo ta vle genyen. Men, moun ki fè sa Bondye vle, y'ap viv pou tout tan.» 1 Jan 2:15–17 (Bib La). «Ala moun pa gen konfyans nan Bondye! Eske nou pa konnen lè nou zanmi lemonn, se lènmi Bondye nou ye! Moun ki vle zanmi lemonn, li vin lènmi Bondye.» Jak 4:4 (Bib La).

Avètisman Kris la yo

«...Wete kò ou sou mwen, Satan. W'ap chache fè m' tonbe. Lide ou pa sou sa Bondye vle, men sou sa lèzòm ta vle.» Matye 16:23 (Bib La). «Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale. Okontrè, anpile richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale. Paske, kote richès ou ye, se la kè ou ye tou.» Matye 6:19–21 (Bib La). «Pesonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak yonn, men l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an menm tan.» Matye 6:24 (Bib La). «Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.» Matye 6:33 (Bib La). «Gen lòt ankò ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan mitan pikan. Yo tande pawòl la, men traka lavi ak anvi gen lajan, tou sa toufe pawòl la, kifè yo pa ka bay anyen menm.» Matye 13:22 (Bib La). «Grenn ki tonbe nan mitan pikan yo, se moun ki tande pawòl la, men lè y al fè wout yo, yo kite traka lavi, richès ak plezi ki nan lavi toufè l'. Yo donnen men donn yo pa janm rive rèk.» Lik 8:14 (Bib La). «Pran prekosyon nou, pa kite banbòch, bweson ak traka lavi sa a chaje tèt nou pou jou a pa rive sou nou lè n' pa ta kwè.» Lik 21:34 (Bib La). «...Mat, Mat. W'ap trakase tèt ou, w'ap bat kò ou pou yon bann bagay. Men, se yon sèl bagay ki nesesè. Se li Mari chwazi, yo p'ap janm wete l' nan men li.» Lik 10:41–42 (Bib La). «Se konsa, nan jou anvan gwo inondasyon an, moun t'ap manje, yo t'ap bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye pitit fi yo. Konsa konsa, jouk jou Noe te antre nan gwo batiman an. Yo pa t' konprann anyen nan sa ki t'ap pase, jouk lè gwo inondasyon an fèt, li pote yo tout ale. Se va menm jan an tou lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini.» Matye 24:38–39 (Bib La). «...Moun ki mete men nan yon travay, epi k'ap vire tèt gade dèyè, moun konsa pa ka sèvi nan peyi kote Bondye Wa a.» Lik 9:62 (Bib La). «Men, tout envite yo, yonn apre lòt, pran fè eskiz. Premye a di li: Mwen fèk achte yon tè, fòk m' al wè li. Tanpri, eskize mwen. Yon lòt di li: Mwen fèk achte senk pè bèf; mwen pral seye yo. Tanpri, eskize mwen. Yon lòt di: Mwen fèk sot marye, se poutèt sa mwen pa ka ale.» Lik 14:18–20 (Bib La). «Chonje istwa madanm Lòt la.» Lik 17:32 (Bib La). «Men, madan Lòt vire gade dèyè. Lamenm li tounen yon gwo estati sèl.» Jenèz 19:26 (Bib La). «...Kouman? Nou pa t' kapab rete je klè yon ti kadè avèk mwen! Pa kite dòmi pran nou, tande. Lapriyè pou nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze, men kò nou fèb.» Matye 26:40–41 (Bib La). «Se sak fè, piga nou dòmi tankou lòt yo. Pa kite dòmi pran nou. Kenbe tèt nou anplas.» 1 Tesalonik 5:6 (Bib La).

Distrè pandan lènmi an t'ap frape

«Men, yon jou lannwit, pandan tout moun t'ap dòmi, yon lènmi nonm lan vini, li simen move zèb nan mitan mayi yo. Apre sa, li ale.» Matye 13:25 (Bib La). «Nan prentan apre sa, nan epòk wa yo konn soti pou al fè lagè, David voye Joab ansanm ak tout lòt ofisye yo alatèt lame pèp Izrayèl la al goumen ak moun Amon yo. Yo ravaje peyi Amon an, yo sènen lavil Raba. David menm te rete lavil Jerizalèm. Yon jou, bò aswè, David te fin fè yon ti poze, li leve, li soti al sou teras ki anwo palè a. Antan li la, li wè yon fanm ki t'ap benyen. Fanm lan te bèl anpil.» 2 Samyèl 11:1–2 (Bib La). «Dalila fè dòmi pran Samson sou jenou l', li fè rele yon nonm ki koupe sèt très cheve Samson yo ra. Epi li seye fè fòs ak li. Men Samson te pèdi tout fòs li.» Jij 16:19 (Bib La). «Yon jou, wa Bèlchaza bay yon gwo resepsyon pou mil moun nan gwo zotobre peyi a. Yo t'ap bwè diven ansanm. Antan yo t'ap bwè konsa, Bèlchaza bay lòd pou y' al pran gwo gode fèt an lò ak gode fèt an ajan papa l', Nèbikadneza, te pran nan tanp lavil Jerizalèm lan. Li te fè chache yo pou l' te bwè ladan yo ansanm ak chèf li yo, madanm li yo ak fanm kay li

yo. Lamenm, yo pote gode an lò ak gode an ajan yo, epi yo tout yo tanmen bwè ladan yo. Yo t'ap bwè diven, yo t'ap fè lwanj bondye pa yo ki fèt an lò, an ajan, an kwiv, an bwa, an fè ak an wòch. Yo rete konsa, yo wè yon men moun parèt. Li pran ekri sou miray palè a, kote limyè lanp lan te pi klere a. Wa a wè bout men ki t'ap ekri a.» Danyèl 5:1–5 (Bib La). «Menm jou lannwit sa a, yo touye Bèlchaza, wa lavil Babilòn lan.» Danyèl 5:30 (Bib La). «Ki jan nou fè pa wont rete nan gwo kay nou byen alèz, epi nou kite kay Bondye a tou kraze? Bon. Koulye a, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Kalkile byen sou sa k'ap rive nou la a. Nou simen anpil grenn nan jaden nou, men nou rekòlte ti kras. Nou manje, men vant nou pa plen. Nou bwè diven, men kè nou pa kontan. Nou gen rad pou mete sou nou, men fredi ap kale nou toujou. Travayè yo touche lajan, men sa pa ka bouche yon twou dan.» Aje 1:4–6 (Bib La). «Bann moun lòt nasyon ki te la nan mitan pèp Izrayèl la te anvi manje vyann. Pèp la menm te pran plenyen ankò, yo t'ap di: -Ki moun k'ap fè nou jwenn vyann pou nou manje koulye a? Jan nou te konn manje pwason pou gremesi nan peyi Lejip! Nou chonje kalite bon ti konkonm, melon dlo, powo, zonyon, ak lay nou te konn manje! Men koulye a, se deperi n'ap deperi. Nou pa gen anyen pou nou manje, anyen menm pase laman lan ki devan je nou tout tan!» Resansman 11:4–6 (Bib La). «...atout kèk swadizan frè ki te fofile kò yo nan mitan nou te vle yo sikonsi li. Moun sa yo te glise kò yo nan mitan nou tankou espyon k'ap veye libète nou gen nan Jezi Kris la. Yo te vle fè nou tounen esklav ankò...» Galasi 2:4 (Bib La). «Paske, gen kèk mechan ki gen tan fofile kò yo nan mitan nou. Se moun ki san respè pou Bondye. Yo pran renmen Bondye renmen nou an sèvi yon kouvèti pou fè dezòd. Yo vire do bay Jezikri ki sèl Mèt ak sèl Segnè nou an. Depi lontan yo te ekri nan Liv la ki kalite kondannasyon k'ap tann moun sa yo.» Jid 4 (Bib La).

Kenbe je yo fikse

«Pa kite m' kouri dèyè bagay ki pa vo anyen. Fè m' swiv chemen ou mete devan m' lan.» Sòm 119:37 (Bib La). «Gade dwat devan ou. Kenbe je ou fikse sou chemen ki dwat devan ou lan.» Pwovèb 4:25 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Koulye a, mwen pa ale nan sirk pou m' wè yon chen k'ap kouri dèyè yon lapen; men si pa aza mwen pase bò yon chas konsa nan jaden, li ka detounen m', menm lè m' nan yon refleksyon serye... Kouman sa fè, lè m' chita lakay mwen, yon zandolit k'ap kenbe mouch, oswa yon zarenyen k'ap mare yo lè y'ap tonbe nan filè l', konn rete m' souvan?... lè sa a, lapriyè nou yo konn koupe e twouble souvan akoz sa...» (tradui apati tèks anglè NPNF1 1) Ogisten, *Konfesyon* 10.35.57, trad. J. G. Pilkington, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 1ye seri, vol. 1, ed. Philip Schaff (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886).

11

«Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman. Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè yon moun rayi m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa...» Egzòd 20:3–5 (Bib La). «Chadrak, Mechak ak Abèdnego reponn, yo di wa Nèbikadneza konsa: -Monwa, nou p'ap eseye defann tèt nou. Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou nan gwo fou tou limen an, si li ka delivre nou tou anba men ou, l'ap fè l'. Men, menm si li pa vin delivre nou, monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni nou p'ap mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a.»

Danyèl 3:16–18 (Bib La). «Lè jou yo te fikse a rive, Ewòd abiye l' ak tout kostim wa li sou li, li chita sou gwo fotèy li a, epi l' fè yon diskou ba yo. Pèp la pran rele: Se pa yon moun k'ap pale la a, se yon bondye. Menm lè a, yon zanj Bondye frape Ewòd, paske li te asepte resevwa lwanj ki fèt pou Bondye sèlman. Vè tonbe sou li, epi li mouri.» Travay 12:21–23 (Bib La). «Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?» Revelasyon 13:4 (Bib La). «Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l' te fè estati premie bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka touye moun ki pa adore li.» Revelasyon 13:15 (Bib La). «Se poutèt sa, zanmi m' yo, pa mele nan sèvis zidòl yo.» 1 Korint 10:14 (Bib La). «Pitit mwen yo, veye kò nou ak zidòl!» 1 Jan 5:21 (Bib La). «Yo reponn li: Se pòtre Seza ak non Seza. Lè sa a li di yo: Bay Seza sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye.» Matye 22:21 (Bib La). «Ki mal ki genyen nan di: Seyè Seza, e nan ofri sakrifis...» (tradui apati tèks anglè ANF 1) *Mati Polikap la*, chap. 8, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Fè sèman sou fòtin Seza; repanti, epi di: Fò nou fini ak ate yo.» ... «Katreven sis an mwen sèvi li, e li pa janm fè m' okenn mal...» (tradui apati tèks anglè ANF 1) *Mati Polikap la*, chap. 9, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

Rapò yon gouvènè women (sous ansyen ki pa kretyen)

«Moun ki te nye yo te kretyen oswa yo te konn kretyen, lè yo te envoke bondye yo ak pawòl mwen dikte yo, ofri lapriyè ak lansan ak diven devan pòtre ou, pòtre mwen te bay lòd pou yo pote pou sa ansanm ak estati bondye yo, e anplis yo te madichonnen Kris la—yo di moun ki kretyen tout bon pa ka fòse fè okenn nan bagay sa yo...» (tradui apati tèks anglè James J. O'Donnell) Plin Jèn, *Lèt yo* 10.96, bay anperè Trajan (anviwon ane 112 apre Jezikri), tradiksyon angle jan James J. O'Donnell pibliye l', Georgetown University, faculty.georgetown.edu/jod/texts/pliny.html (paj la pa bay non tradiktè a).

12

«Si yon moun touye yon moun, yon lòt moun gen pou touye l' tou, paske Bondye kreye moun pòtre ak li.» Jenèz 9:6 (Bib La). «Piga nou touye moun.» Egzòd 20:13 (Bib La). «Gen sis bagay Seyè a pa vle wè. Sa m'ap di la a: Gen menm sèt bagay li pa ka sipòte: Se moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun, se moun k'ap bay manti, se moun k'ap touye moun inonsan...» Pwovèb 6:16–17 (Bib La). «Yo ofri pwòp pitit gason ak pwòp pitit fi yo pou touye bay zidòl yo. Yo touye ti inonsan sa yo, pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Yo ofri yo bay zidòl moun peyi Kanaran yo. Se konsa yo fin derespekte tout peyi a ak san moun yo te touye.» Sòm 106:37–38 (Bib La). «M'ap fè sa paske yo vire do ban mwen. Yo pran peyi a pou fè bagay yo pa t' dwe fè, yo boule lansan pou bondye moun lòt nasyon yo, bondye ni yo menm, ni zansèt yo, ni wa peyi Jida yo pa t' janm konnen. Epi yo touye yon pakèt ti inonsan. Yo moute lòt lotèl pou Baal. Yo pran pitit yo, yo touye yo, yo boule yo nèt nan dife pou Baal, bagay mwen pa janm mande yo fè, bagay mwen pa janm louvri bouch mwen di, bagay ki pa janm vin nan lide m'...» Jeremi 19:4–5 (Bib La). «Wi, se ou ki fòme tout pati nan kò m', se ou ki ranje yo byen ranje nan vant manman m'. M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bèl bagay. Tou sa ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen. Ou te konnen tout zo nan kò m', depi lè m' t'ap fòme kote moun pa t' ka wè a, depi lè ou t'ap travay mwen ak ladrès nan fon tè a. Depi anvan m' te fèt, tout lavi m' te devan je ou. Tou sa mwen tapral fè te deja ekri nan liv ou, anvan menm mwen te fè yo.» Sòm 139:13–16 (Bib La). «...Mwen te konnen ou anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou. Mwen te mete ou apa pou mwen anvan menm ou te fèt. Mwen te chwazi ou pou ou te yon pwofèt pou nasyon yo.» Jeremi 1:5

(Bib La). «...piga ou touye yon timoun nan vant manman l', ni touye sa ki fin fèt...» (tradui apati tèks anglè ANF 7) *Didache*, chap. 2, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 7 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «Yo marye, menm jan ak tout [lòt moun]; yo fè pitit; men yo pa detwi pitit yo.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) *Lèt pou Diyognèt*, chap. 5, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Epi lè nou di fanm k'ap sèvi ak dwòg pou fè pitit tonbe yo fè yon asasina, e y'ap gen pou rann Bondye kont pou avòtman an, sou ki prensip nou ta fè yon asasina?» (tradui apati tèks anglè ANF 2) Atenagò Atèn, *Pledwaye pou kretyen yo*, chap. 35, trad. B. P. Pratten, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 2 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

13

«Kè tout moun te kontan. Yo di konsa: -Fè chache Samson pou n' ka pran plezi nou ak li. Y' al chache Samson nan prizon an, yo mennen l' devan yo pou yo te ka pran plezi yo avè l'. Yo mete msye nan mitan de gwo poto.» Jij 16:25 (Bib La). «Men, nou menm apòt Kris yo, gen lè Bondye mete nou dèyè nèt. Nou tankou moun yo kondannen amò pou yo touye sou plas piblik; nou tounen yon espektak pou tout moun, ni pou zanj yo nan syèl la, ni pou moun sou latè.» 1 Korint 4:9 (Bib La). «Chonje sa ki te rive nou nan tan lontan. Lè sa a, nou te fèk fin resevwa limyè Bondye a, nou te soufri anpil. Men, nou te kenbe fèm nan batay la. Yon lè, se nou menm yo t'ap joure, yo t'ap maltrete devan tout moun. Yon lòt lè, se nou menm, pou tèt pa nou, ki te al pran pou moun yo t'ap joure yo, pou moun yo t'ap maltrete yo.» Ebre 10:32–33 (Bib La). «Onoryis, ki te eritye anpi Ewòp la, te fè yo sispann batay gladyatè yo ki te konn fèt lavil Wòm depi lontan. Men ki jan sa te rive. Yon nonm yo te rele Telemak te anbrase lavi asetik. Li te soti nan Lès, e se pou rezon sa a li te vin Wòm. La, pandan yo t'ap prezante espektak abominab la, li antre li menm nan estad la, li desann nan arèn lan, li eseye rete mesye ki t'ap sèvi ak zam yo yonn kont lòt. Moun ki t'ap gade masak la te fache, e, sou enspirasyon kòlè fou demon ki pran plezi nan zak san sa yo, yo kalonnen moun ki t'ap fè lapè a ak wòch jouk li mouri. Lè yo enfòme bon anperè a sa, li konte Telemak nan ran mati ki te genyen batay la, e li mete fen nan espektak ki pa respekte Bondye sa a.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 3) Teyodorè, *Istwa eklezyastik* 5.26, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 3, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1892). «Paske, kou li wè san sa a, li bwè anmenmtan yon kalite sovajri; li pa vire tèt li, men li fikse je l', li t'ap bwè foli san l' pa konnen, li te pran plezi nan batay koupab la, e li te sou ak divètisman san an.» (tradui apati tèks anglè NPNF1 1) Ogisten, *Konfesyon* 6.8.13, trad. J. G. Pilkington, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 1ye seri, vol. 1, ed. Philip Schaff (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «Men nou menm, paske nou konsidere wè yo touye yon moun prèske menm bagay ak touye l', nou renonse ak espektak konsa.» (tradui apati tèks anglè ANF 2) Atenagò Atèn, *Pledwaye pou kretyen yo*, chap. 35, trad. B. P. Pratten, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 2 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

14

«Seyè a di konsa: Moun pèp Izrayèl yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo pran moun serye ki pa ka peye dèt yo, yo vann yo tankou esklav. Yo pran pòv malere ki pa gen senk pou peye dèt yo, yo vann yo pou gremesi. Y'ap pilonnen malere anba pye yo. Y'ap fè pòv yo vin pi pòv. Papa kou pitit al dèyè fi k'ap sèvi nan kay la. Konsa, yo trennen non Bondye nan labou...» Amòs 2:6–7 (Bib La). «Nou

fin peze pòv malere yo, nou fòse yo ban nou nan rekòt jaden yo. Se poutèt sa, nou p'ap rete nan bèl gwo kay an wòch nou bati yo, ni nou p'ap bwè diven ki fèt ak rezen ki soti nan bèl jaden nou te plante yo. Mwen konnen tou jan peche nou fè yo gwo anpil, jan se pa de ti krim nou pa fè. Nou pèsekite moun serye. Nou pran lajan nan men moun k'ap achte figi nou. Nou enpoze pòv malere yo jwenn jistis nan tribinal.» Amòs 5:11–12 (Bib La). «Lè w'ap peze pòv malere, se Bondye ki fè l' la w'ap derespekte. Men, lè ou aji byen ak pòv, se pi bèl sèvis ou ka rann Bondye.» Pwovèb 14:31 (Bib La). «Pa pran ti sa pòv la genyen an paske se pòv li ye. Pa pwofite sou ti malere yo nan tribinal. Se Seyè a ki va plede kòz yo pou yo. L'a touye moun ki vòlò malere sa yo.» Pwovèb 22:22–23 (Bib La). «Seyè a rele chèf fanmi yo ak lòt chèf pèp li a nan tribinal. L'ap denonse yo. Li di konsa: Se nou menm ki fin piye jaden rezen yo. N'ap vòlò pòv malere yo pou nou plen kay nou. Nou pa gen dwa kraze pèp mwen an konsa. Nou pa gen dwa pwofite konsa sou pòv yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki pale.» Ezayi 3:14–15 (Bib La). «Koulye a, nou menm moun rich yo, se pou nou m'ap pale: Nou mèt konmanse kriye, konmanse pouse rèl pou malè ki pral tonbe sou nou yo. Richès nou yo fin pouri. Vèmin fin manje rad nou yo. Lò nou ak lajan nou yo fin wouye. Lawouj la pral kanpe pou kondannen nou, li va devore vyann nou tankou difè. Nou te ranmase kont lajan nou nan dènye tan sa a. Gade! Nou pa t' peye lajan nou te dwe peye travayè yo ki t'ap travay pou nou nan jaden. Tande jan y'ap rele! Travayè ki te ranmase rekòt pou nou yo ap plede rele! Rèl yo rive jouk nan zòrèy Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa a.» Jak 5:1–4 (Bib La). «Men, moun ki vle vin rich, yo tonbe nan tantasyon. Yo kite yon bann move lanvi san sans pran yo nan pèlen. Se lanvi sa yo k'ap fè moun pèdi tou sa yo genyen, k'ap fini nèt ak yo. Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal. Gen moun ki sitèlman anvi gen lajan, yo pèdi chemen lafwa a nèt: se pa de ti soufrans ki tonbe sou yo.» 1 Timote 6:9–10 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Piga ou vire do bay moun ki nan bezwen, men w'a pataje tout bagay ak frè ou...» (tradui apati tèks anglè ANF 7) *Didachè*, chap. 4, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 7 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «Kidonk, olye nou achte tè, achte nanm ki nan tray, dapre kapasite chak moun, vizite vèv ak òfelen, pa neglije yo; e depanse richès nou ak tout sa nou te prepare, nou te resevwa nan men Seyè a, pou tè ak kay konsa. Paske se pou sa Mèt la te fè nou rich, pou nou ka rann li sèvis sa yo...» (tradui apati tèks anglè ANF 2) *Bèje Èmas la*, Parabòl 1, trad. F. Crombie, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 2 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

Dokiman pap yo

«Twonpe yon moun sou salè ki dwe l' se yon gwo krim ki rele nan syèl la pou kòlè k'ap pran revanj.» (tradui apati tèks anglè) pap Leyon XIII, *Rerum Novarum*, lèt ansiklik sou kapital ak travay, 15 me 1891, sek. 20 (Vil Vatikan: Libreria Editrice Vaticana), vatican.va. Nan menm seksyon an, ansiklik la kondannen tout tantativ «pou fè presyon sou malere ak moun ki pa gen anyen, pou fè benefis», e li deklare «fè pwofi sou bezwen yon lòt moun» «tout lwa kondannen sa, lwa lèzòm kou lwa Bondye». (tradui apati tèks anglè) Ibid.

15

«Si yon moun pran yon lòt pa fòs pou l' al vann li osinon pou kenbe l' lakay li, se pou yo touye l'.» Egzòd 21:16 (Bib La). «Si yo bare yon moun pèp Izrayèl ap kenbe yon moun pèp Izrayèl parèy li pou fè l' tounen esklav li

osinon pou l' vann li, se pou yo touye l'. Se konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou.» Deteronòm 24:7 (Bib La). «Se pou nou chonje tou yo pa mete lalwa pou moun k'ap aji byen. Lalwa a se pou malveyan yo, pou moun k'ap fè rebèl, pou mechan yo, pou moun k'ap fè peche, pou moun ki pa gen respè ni pou Bondye ni pou larelijyon, pou moun k'ap touye manman yo ak papa yo, pou ansasen, pou moun k'ap fè imoralite, pou moun ki gen vye mès gason ak gason, fanm ak fanm, pou moun k'ap vann esklav, pou moun k'ap bay manti, k'ap fè sèman pou twonpe moun. Lalwa a se pou tout moun k'ap fè tout kalite bagay ki pa dakò ak verite yo moutre nou an...» 1 Timote 1:9–10 (Bib La). «Kòmèsan latè yo tou t'ap rele, yo t'ap kriye pou li, paske pa t' gen pesonn ankò pou achte machandiz yo: lò, ajan, bèl piè ki koute chè ak bèl grenn pèl, bèl twal fen, twal koulè violèt, twal koulè wouj, bèl swa, tout kalite bèl bwa ki santi bon, tout kalite bagay ki fèt an ivwa, an bwa ki koute chè, an asie, an fè ak an mab, kannèl, epis, odè, mir ak lansan, diven ak lwil, farin frans ak diri, bèf ak mouton, chwal ak bèl cha pou moun woule, esklav ak nanm moun.» Revelasyon 18:11–13 (Bib La). «Koulye a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri.» Galasi 3:28 (Bib La). «Paske, se pa tankou yon senp esklav ou jwenn li ankò. Koulye a, li plis pase yon esklav pou ou: se yon frè li ye pou nou nan Kris la, yon frè mwen renmen anpil. Men, ou menm ou dwe renmen li pi plis pase m' ankò. Pa sèlman tankou nenpòt ki moun, men tankou yon frè nan Seyè a.» Filemon 1:16 (Bib La). «"Mwen achte fi kou gason pou sèvi m' esklav". W'ap kondannen nan esklavaj moun ki lib pa nati, ki gen libète pou yo deside. ... Pou konbe obòl ou te estime pòtre Bondye a?» (tradui apati tèks anglè Andrew Maguire) Grégoire de Nysse, *Omeli sou Eklezyas* 4, trad. Andrew Maguire, Early Church Texts (earlychurchtexts.com).

16

«Piga pesonn nan nou pran pitit gason osinon pitit fi li pou li boule nan difè pou zidòl. Piga gen pesonn nan mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen, k'ap fè maji. Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham, moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo. Paske Seyè a pa vle wè moun k'ap fè bagay sa yo. Epitou, se paske moun lòt nasyon yo t'ap fè tout vye bagay sa yo kifè Seyè a, Bondye nou an, te mete yo deyò pou nou ka pran plas yo.» Deteronòm 18:10–12 (Bib La). «Piga n' al konsilte moun k'ap rele mò nan tab tounant osinon moun k'ap fè divinò. Si nou fè sa, n'ap tounen tankou moun sa yo, nou p'ap nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!» Levitik 19:31 (Bib La). «Si pèp la mande nou pou n' al kay divinò ak moun k'ap rele mò, yon bann moun k'ap pale chwichwi pou moun pa ka konprann, si yo di nou: Eske moun pa gen dwa mande bondye yo sa pou yo fè? Eske yo pa gen dwa al rele mò yo pou vivan yo?» Ezayi 8:19 (Bib La). «Dezobeyi Bondye nan sa l' mande ou fè a se menm bagay ak fè maji. Fè tèt di ak Bondye se menm bagay ak sèvi zidòl. Enben, ou voye pawòl Bondye a jete, Seyè a wete ou nan plas wa a, li voye ou jete tou. Li pa gen anyen pou l' wè avè ou ankò!» 1 Samyèl 15:23 (Bib La). «Te gen anpil ladan yo ki te konn pratike maji, yo pote liv yo, yo boule yo devan tout moun. Dapre kalkil yo te fè, te gen liv pou desansenkantmil (250.000) goud antou.» Travay 19:19 (Bib La). «Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se imoralite, malpwòpte ak vis. Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil. Yonn anvye sò lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè. Mwen deja di nou sa, epi m'ap repete l' ankò pou nou: moun ki fè tout bagay sa yo p'ap antre menm nan peyi kote Bondye wa a.» Galasi 5:19–21 (Bib La). «Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan difè ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò

a.» Revelasyon 21:8 (Bib La). «Pitit mwen, pa obsève siy, paske sa mennen nan sèvis zidòl; pa fè cham, pa fè astwoloji...» (tradui apati tèks anglè ANF 7) *Didache*, chap. 3, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 7 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «Moun ki nan prètriz la, oswa ki nan klèje a, pa dwe majisyen, moun k'ap fè cham, matematisyen ni astwològ; ni yo pa dwe fè sa yo rele amilèt, ki se chenn pou pwòp nanm yo. E moun ki mete bagay konsa sou yo, nou kòmande pou yo mete yo deyò nan Legliz la.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 14) Konsil Lawodise, kanon 36, trad. Henry R. Percival, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 14, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1900).

Katechis

«Fò nou rejte tout fòm divinasyon: rekou a Satan oswa a demon, rele mò yo oswa lòt pratik moun panse manti ki ka "devwale" lavni. Konsilte owoskòp, astwoloji, li liy men, entèprete siy ak tiraj osò, fenomèn vwayans, ak rekou a moun ki pretann sèvi entèmedyè ak mò yo, tout sa kache yon dezi pou gen pouvwa sou tan an, sou istwa a, e, an definitif, sou lòt moun, ansanm ak yon dezi pou fè pouvwa kache yo favorab. Yo kontredi lonè, respè ak lakrent plen renmen nou dwe bay Bondye sèl.» (tradui apati tèks anglè) *Katechis Legliz Katolik la*, 2yèm ed. (Vil Vatikan: Libreria Editrice Vaticana, 1997), par. 2116.

17

«Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, pwofèt lavil Tichbe a, li di l' konsa: -Al jwenn wa Akab nan peyi Samari. W'ap jwenn li koulye a nan jaden rezen Nabòt la. Li vin pran l' pou li. W'a di li men mesaj Seyè a voye ba li: Ou fin touye Nabòt, koulye a ou soti pou pran jaden rezen l' lan! Apre sa, w'a di l' ankò men sa Seyè a voye di ou: Menm kote chen te niche san Nabòt la, chen gen pou yo niche san pa ou tou.» 1 Wa 21:17–19 (Bib La). «Zotobre yo menm nan lavil la, yo tankou chen mawon k'ap dechèpiye bèt yo touye. Y'ap touye moun pou yo vòlò byen yo.» Ezekyèl 22:27 (Bib La). «M'a di yo: Koute byen, nou menm ki alatèt pitit Jakòb yo, nou tout k'ap dirije pèp Izrayèl la! Se pa devwa nou pou nou rann tout moun jistis? Men, se nou menm ankò ki rayi moun k'ap fè sa ki byen. Nou renmen moun k'ap fè sa ki mal. N'ap kòche pèp mwen an tou vivan, n'ap filange l' jouk nan zo. N'ap manje pèp mwen an. Nou kòche yo, nou kase tout zo nan kò yo. Nou dekoupe yo tankou vyann yo pral kwit, tankou vyann nou mete nan chodyè.» Miche 3:1–3 (Bib La). «Wa latè yo pran lèzam. Chèf yo mete tèt yo ansanm, y'ap fè konplo sou do Seyè a, y'ap fè konplo sou do wa li chwazi a. Y'ap plede di: -Ann kase chenn yo mete nan pye nou yo! Ann voye yo jete! Seyè a rete chita nan syèl la, l'ap ri. L'ap pase yo nan jwèt.» Sòm 2:2–4 (Bib La). «Kidonk, lè yo wete jistis, kisa peyi wa yo ye si se pa gwo vòl?» (tradui apati tèks anglè NPNF1 2) Ogisten, *Vil Bondye a* 4.4, trad. Marcus Dods, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 1ye seri, vol. 2, ed. Philip Schaff (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1887). «Mwen pa oze ofri sakrifis la si ou gen lide pou ou la.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 10) Ambwaz Milan, Lèt 51.13, bay anperè Teyodòz, trad. H. de Romestin, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 10, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1896).

18

«Simon te wè jan moun yo te resevwa Sentespri lè apòt yo mete men sou tèt yo. Li ofri Pye ak Jan lajan. Li di yo: Ban m' pouvwa sa a tou, pou lè m' mete men m' sou tèt yon moun li ka resevwa Sentespri a tou. Men, Pyè di li: Al mouri ansanm ak tout lajan ou lan! Sa Bondye fè kado, ou kwè moun ka achte sa ak lajan? Nan travay sa a, pa gen

anyen pou ou; ou pa gen dwa ladan l' paske kè ou pa dwat devan Bondye.» Travay 8:18–21 (Bib La). «...Nonm o! Bay mesaj sa a sou tout chèf ki reskonsab pèp Izrayèl la. Bay yo mesaj la, di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: Madichon pou gadò pèp Izrayèl yo! Yo te mete yo la pou yo te swen pèp la, men se pwòp tèt yo ase yo konnen. Nou bwè lèt mouton yo, nou pran lenn sou do yo pou fè rad mete sou nou, nou touye sa ki pi gra yo pou nou manje. Men, nou pa janm swen mouton yo. Nou pa bay sa ki mèg yo manje pou yo pran fòs. Nou pa swen sa ki malad yo. Nou pa mete renmèd sou sa ki blese yo. Nou pa fè sa ki te soti nan bann yo tounen nan plas yo. Nou pa al chache sa ki te pèdi yo. Lekontrè, nou sèvi ak pozisyon chèf nou an pou n' kraze yo, pou n' maltrete yo.» Ezekyèl 34:2–4 (Bib La). «Moun ap achte chèf yo ak lajan. Prèt yo menm ap esplike lalwa a pou lajan. Ata pwofèt yo ap fè prediksyon pou lajan tou. Yo tout yo pretann di Seyè a avèk yo. Y'ap di: O wi, anyen p'ap rive nou! Seyè a bò kote nou!» Miche 3:11 (Bib La). «Men sa m'ap di nou: Tankou gadò, se pou nou swen bann mouton Bondye ki sou kont nou an. Pa fè sa tankou si se fòse y'ap fòse nou. Men, fè l' paske nou vle fè sa Bondye vle. Pa fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. Men, fè l' ak tout kè nou. Pa fè menm jan ak chèf k'ap maltrete moun ki sou kont yo. Okontrè, se pou nou tounen yon egzanp pou mouton yo.» 1 Piè 5:2–3 (Bib La). «Paske, yon moun k'ap dirije legliz la, se li ki reskonsab travay Bondye a. Se pou li san repwòch. Se pa pou li awogan, ni renmen fè kòlè, ni renmen bwè gwòg. Li pa fèt pou l' brital, ni renmen fè lajan nan move kondisyon...» Tit 1:7 (Bib La). «Jezi antre nan tanp Bondye a, li chase tout moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp lan. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm ak chèz moun ki t'ap vann pijon yo. Apre sa, li di yo; Men sa ki ekri: y'a rele kay mwen an kay kote pou moun vin lapriyè nan pye m'. Men nou menm, nou fè l' tounen yon kachèt pou vòlè.» Matye 21:12–13 (Bib La). «Piske anpil moun ki enskri nan klèje a, ki t'ap swiv evaris ak lanvi fè lajan, bliye Ekriti sen an ki di: "Li prete moun san mande enterè", e lè yo prete lajan yo mande santyèm pati sòm nan [kòm enterè chak mwa], Sen Gran Sinòd la jije li jis pou, si apre dekrè sa a yo jwenn yon moun k'ap pran enterè, kit li fè sa an kachèt oswa lòt jan, tankou lè l' mande tout sòm nan plis mwatye, oswa lè l' sèvi ak nenpòt lòt mannigans pou fè lajan sal, yo destitye l' nan klèje a e yo efase non l' sou lis la.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 14) Premye Konsil Nise (325), kanon 17, trad. Henry R. Percival, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 14, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1900). «Si yon evèk fè yon òdinasyon pou lajan e li mete gras ki pa ka vann nan sou vant, e li òdone pou lajan yon evèk, yon kòrevèk, yon presbitè oswa yon dyak oswa nenpòt lòt moun ki konte nan klèje a; oswa li nonmen pou lajan yon jeran, yon ofisye legal oswa yon gadyen, oswa nenpòt lòt eklezyastik pou pwòp benefis sal li; [se pou] moun ki eseye sa e yo kondannen l' riske pèdi pwòp ran li...» (tradui apati tèks anglè Tanner) Konsil Kalsedwan (451), kanon 2, nan *Decrees of the Ecumenical Councils*, ed. Norman P. Tanner, vol. 1 (London: Sheed & Ward; Washington, DC: Georgetown University Press, 1990), jan papalencyclicals.net repwodui l'. (Tèks sou entènèt la ekri «led him»; yo korije l' ant kwochè.)

19

«Frè m' yo, men sa m'ap mande nou, nan non Jezikri, Seyè nou an. Tanpri, mete nou dakò sou tout bagay. Pa kite divizyon mete pye nan mitan nou. Okontrè, se pou nou viv byen yonn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se pou nou tout gen yon sèl pawòl.» 1 Korint 1:10 (Bib La). «Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwen lè y'a tande mesaj la. M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemonn yo ka kwè se ou ki te voye mwen.» Jan 17:20–21 (Bib La). «Sentespri a mete nou ansanm. Se pou nou fè tou sa nou kapab pou nou ka toujou fè yon sèl kò, pou nou viv ak kè poze ansanm yonn ak

lòt. Gen yon sèl kò ak yon sèl Sentespri, konsa tou se yon sèl Bondye a ki rele nou pou nou gen yon sèl espwa. Gen yon sèl Seyè, yon sèl konfyans, yon sèl batèm. Gen yon sèl Bondye, ki papa nou tout, k'ap dominen sou nou tout, k'ap aji nan nou tout, ki nan nou tout.» Efèz 4:3–6 (Bib La). «Paske n'ap viv tankou moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn toujou. Depi ou tande gen jalouzi nan mitan nou, depi nou gen kont yonn ak lòt, nou tou wè se moun lemonn nou ye, se tankou moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn lan n'ap viv.» 1 Korint 3:3 (Bib La). «Poukisa gen kont, dezòd, divizyon, separasyon ak lagè nan mitan nou? ... Poukisa nou divize e nou chire manm Kris yo an moso, nou leve kont kont pwòp kò nou, e nou rive nan yon wotè foli konsa pou nou bliye "nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt"?» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Klemann Wòm, *Premye lèt pou moun Korint yo*, chap. 46, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Moun ki pa gen Legliz pou manman l' pa ka gen Bondye pou Papa l' ankò.» (tradui apati tèks anglè ANF 5) Sipriyen Kartaj, *Sou inite Legliz la*, sek. 6, trad. Ernest Wallis, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 5 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «...rad Seyè Jezikri a pa divize ni koupe ditou, men yo resevwa l' tankou yon rad antye, e moun ki tire osò pou rad Kris la posede l' tankou yon wòb ki pa domaje e ki pa divize...» (tradui apati tèks anglè ANF 5) Sipriyen Kartaj, *Sou inite Legliz la*, sek. 7, trad. Ernest Wallis, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 5 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886).

20

«Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m'a kanpe pou li devan Papa m' ki nan syèl la. Men tou, moun ki va kanpe devan lèzòm pou di li pa konnen m', mwen menm tou, m'a kanpe devan Papa m' ki nan syèl la, m'a di mwen pa konnen l'.» Matye 10:32–33 (Bib La). «Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt mwen. Lè sa a, anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt.» Matye 24:9–10 (Bib La). «Pyè reponn li: Monchè, mwen pa konnen sa ou ap di la a. Menm lè a, antan li t'ap pale toujou, yon kòk pran chante. Jezi vire, li gade Pyè, epi Pyè vin chonje pawòl Seyè a te di l': Jòdi a, kòk p'ap gen tan chante, w'ap di ou pa konnen mwen pandan twa fwa. Pyè soti, epi li tonbe kriye jouk li pa t' kapab ankò.» Lik 22:60–62 (Bib La). «Moun mwen fè gras la ap viv, paske li gen konfyans nan mwen. Men, si l' vire do l' tounen fè bak, li p'ap fè kè m' kontan. Nou menm, nou p'ap fè tankou moun sa yo k'ap twenn dèyè, k'ap pèdi tèt yo. N'ap fè tankou moun ki gen fèm konfyans nan Bondye, moun k'ap delivre nanm yo.» Ebre 10:38–39 (Bib La). «Mwen konnen kote ou rete a se la Satan chita. Ou pa lage m', ou pa pèdi konfians ou gen nan mwen an, menm lè yo te fè touye Antipas ki mouri poutèt mwen la nan mitan nou, nan lavil kote Satan rete a.» Revelasyon 2:13 (Bib La). «Menm kou lènmi an fin fè premye menas li yo, pifò frè yo trayi lafwa yo, yo tonbe; se pa atak pèsekisyon an ki fè yo tonbe, se yo menm ki lage tèt yo atè pa pwòp volonte yo.» (tradui apati tèks anglè ANF 5) Sipriyen Kartaj, *Sou moun ki tonbe yo*, sek. 7, trad. Ernest Wallis, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 5 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886). «Vrèman, yo pa t' tann yo arete yo anvan yo monte, ni yo pa t' tann yo entewoje yo anvan yo nye. Yo kouri al sou plas mache a pa pwòp volonte yo...» (tradui apati tèks anglè ANF 5) Sipriyen Kartaj, *Sou moun ki tonbe yo*, sek. 8, trad. Ernest Wallis, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 5 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1886).

Rapò yon gouvènè women (sous ansyen ki pa kretyen)

«Moun ki te nye yo te kretyen oswa yo te konn kretyen, lè yo te envoke bondye yo ak pawòl mwen dikte yo, ofri lapriyè ak lansan ak diven devan pòtre ou, pòtre mwen te bay lòd pou yo pote pou sa ansanm ak estati bondye yo, e anplis yo te madichonnen Kris la—yo di moun ki kretyen tout bon pa ka fòse fè okenn nan bagay sa yo...» (tradui apati tèks anglè James J. O'Donnell) Plin Jèn, *Lèt yo* 10.96, bay anperè Trajan (anviwon ane 112 apre Jezikri), tradiksyon angle jan James J. O'Donnell pibliye l', Georgetown University, faculty.georgetown.edu/jod/texts/pliny.html (paj la pa bay non tradiktè a).

21

«Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Matye 13:19 (Bib La). «Gen moun, yo sanble ak tè bò chemen kote pawòl la tonbe a. Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Mak 4:15 (Bib La). «Si malgre sa, bon nouvèl m'ap anonse a pa klè toujou, li pa klè pou moun k'ap peri yo. Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye.» 2 Korint 4:3–4 (Bib La). «Mwen pa konnen sa m' ta fè pou m' tounen lakay nou ankò. Mwen menm Pòl, mwen te seye plizyè fwa menm. Men, Satan te anpeche mwen.» 1 Tesalonik 2:18 (Bib La). «Men, Elimas (se te non majisyen an nan lang grèk) t'ap kenbe tèt ak yo. Li t'ap chache detounen gouvènè a pou l' pa t' kwè.» Travay 13:8 (Bib La). «Li di m' konsa: -Ou pa bezwen pè, Danyèl. Bondye te tande lapriyè ou la depi premye jou ou te pran desizyon soumèt ou devan Bondye ou pou ou te ka rive gen bon konprann. Se poutèt lapriyè ou la mwen vin ba ou repons Bondye a. Zanj chèf peyi Pès la te kenbe tèt avè m' pandan venteyen jou. Apre sa, Michèl, yonn nan chèf zanj Bondye yo, vin pote m' sekou paske mwen te pou kont mwen nan peyi Pès la. Mwen vin fè ou konprann sa ki pral rive pèp ou a nan jou k'ap vini yo. Vizyon an fè ou wè sa ki pral rive jou sa yo.» Danyèl 10:12–14 (Bib La).

22

Mo «Legliz» la isit la pa vle di sèlman legliz ki òganize yo, men tou chak moun ki kwè, ki chak pou kont yo fè pati kò Kris la. «Konsa, Kris la se tankou yon kò ki gen anpil manm. Kò a toujou yon sèl kò, ou mèt wè li gen anpil manm. Se sak fè, nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resevwa batèm pou n' te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a. Nou tout nou te bwè nan yon sèl Lespri a.» 1 Korint 12:12–13 (Bib La). «Nou tout, nou se kò Kris la: nou chak se yon manm nan kò sa a.» 1 Korint 12:27 (Bib La). «Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.» Ròm 12:5 (Bib La). «Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l' pou l' sèl chèf legliz la. Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.» Efèz 1:22–23 (Bib La). «Se li ki tèt legliz la, legliz la se kò li. Se li menm ki bay kò a lavi. Se li menm an premye ki te leve soti vivan nan lanmò pou l' te ka gen premye plas nan tout bagay.» Kolòs 1:18 (Bib La). «Nou menm tou, tankou wòch vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prèt k'ap viv pou li. Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi.» 1 Piè 2:5 (Bib La).

Legliz primitiv la

«Kote evèk la parèt, se la pou foul [pèp la] ye tou; menm jan, kote Jezikri ye, se la Legliz katolik la ye.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Ignas Antiòch, *Lèt pou moun Esmen yo*, chap. 8, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

23

«Si ou konprann pou fèmen bouch ou nan yon ka konsa, Bondye ap toujou delivre pèp jwif la. Y'a sove, men ou menm, w'ap mouri epi fanmi ou ap disparèt. Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou larenn jounen jòdi a.» Estè 4:14 (Bib La). «Nan branch fanmi Isaka a, moun ki te fò nan konnen sa pou pèp Izrayèl la fè ak lè pou yo fè l', desan (0200) chèf ansanm ak tout gason nan branch fanmi an ki te sou kòmandman yo...» 1 Istwa 12:32 (Bib La). «Nou konn ki sans pou nou bay bagay k'ap pase nan syèl la. Poukisa, atò, nou pa konn ki sans pou nou bay bagay k'ap pase sou latè koulye a?» Matye 16:3 (Bib La). «...Rele ak tout fòs ou, rele mezi ou kapab! Fè vwa ou sonnen tankou klewon! Fè pèp mwen an konnen tout mechanste li fè yo! Fè moun fanmi Jakòb yo konnen tout peche yo te fè!» Ezayi 58:1 (Bib La). «...Nonm o! Mwen mete ou faksyonnè pou nasyon Izrayèl la. W'a tande mesaj m'a ba ou, w'a avèti yo pou mwen.» Ezekyèl 3:17 (Bib La). «Men, si faksyonnè a wè lènmi ap vini epi li pa bay kout klewon an pou avèti moun yo, lènmi an ap vini, l'ap touye moun. Moun yo ap mouri akòz peche yo fè, se vre. Men, se faksyonnè a k'ap pote reskonsablite lanmò yo.» Ezekyèl 33:6 (Bib La).

24

Lòd Kris la bay pou ekri legliz yo

«...Tou sa ou wè, ekri yo nan yon liv. Voye liv la bay sèt legliz ki nan sèt lavil sa yo: Efèz, Esmen, Pègam, Tiyati, Sad, Filadèlfi ak Lawodise.» Revelasyon 1:11 (Bib La). Se sitasyon ki pi fò a sou pwen sa a: Kris la li menm bay lòd pou voye ekri yo bay legliz patikilye nan yon sèl rejyon, li nonmen yo yonn pa yonn. Kris la li menm fè remake se pa tout kominikasyon ki bezwen adrese bay Legliz inivèsèl la an jeneral, men gen kèk mesaj espesyal ki nesesè pou kèk legliz, nan kèk kote, nan kèk moman. «Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo...» Revelasyon 2:7 (Bib La). Vèsè Bib sa a moutre yon lèt ki adrese bay yon sèl legliz toujou pale ak tout legliz yo sou kèk kesyon. Sitasyon anvan an, Revelasyon 1:11, fè remake gen kèk mesaj ki fèt pou legliz presi, nan kote presi, nan moman presi. Sitasyon sa a bay prèv pou pwen sa a: menm si lòd Revelasyon 1:11 la an vigè, lòt legliz yo ka toujou resevwa enstriksyon nan lafwa atravè ansèyman yo bay legliz presi kote mesaj Revelasyon 1:11 yo adrese yo. «Ekri zanj legliz ki nan lavil Efèz la...» Revelasyon 2:1 (Bib La). Se Kris la k'ap pale ak yon sèl legliz. Kris la ban nou modèl pi wo a pou nou tout swiv, ansanm ak sa nan nou ki anba Lòd Sakre yo. Se poutèt sa, kèk ekri ap adrese bay kèk legliz pou kont yo.

Lèt apòt yo bay legliz yo dapre rejyon

«Yo te ba yo lèt sa a pote ale: Apòt yo ak chèf fanmi yo, ki frè nou, voye bonjou pou tout frè nan moun lòt nasyon yo k'ap viv nan lavil Antiòch, nan peyi Siri ak nan peyi Silisi...» Travay 15:23 (Bib La). Sa bay prèv Konsil Jerizalèm lan te voye lèt bay rejyon ki byen defini, yon pratik evèk la adopte isit la. «Nan tout lavil kote yo pase yo te mete disip yo an konesans desizyon apòt yo ak ansyen yo te pran lavil Jerizalèm, yo t'ap mande yo pou yo te soumèt devan desizyon an. Tout legliz yo t'ap vin pi fèm nan lafwa, chak jou yo t'ap gen plis moun toujou.» Travay 16:4–5 (Bib La). Travay 16:4–5 se swit Travay 15:23. Travay 15:23 moutre Konsil Jerizalèm lan k'ap ekri yon

lèt bay legliz yon rejyon ki byen defini. Travay 16:4 ak 5 moutre yo te pote menm desizyon sa yo apre sa, sot nan yon lavil al nan yon lòt, epi yo te renmèt yo bay legliz yo. Epi li rapòte rezilta a: legliz yo te vin pi fèm nan lafwa, e kantite moun yo te ogmante. Dekrè Konsil Jerizalèm lan te pibliye yo pa t' rete Jerizalèm. Yo te pote yo tout bon bay legliz yo te fèt pou yo. Legliz ki te resevwa kominikasyon sa yo te jwenn manje, yo te vin fèm nan lafwa, e yo te grandi an kantite. Se sa ki objektif ekri rejyonal yo voye bay legliz dis peyi wa yo. Anrezime, de vèsè sa yo moutre lèt rejyonal la te gen efè lè yo te li l' byen fò devan legliz yo ki te reyini. «Lè n'a fin li lèt sa a, voye l' bay legliz Lawodise a pou yo ka li l' tou. Nou menm tou, n'a li lèt moun Lawodise yo va voye ban nou an.» Kolòs 4:16 (Bib La). Vèsè Bib sa a moutre lèt apòt yo, ki te adrese bay yon sèl legliz, te sikile apre sa nan legliz vwazen yo. «Tanpri souple, nan non Seyè a, li lèt sa a bay tout frè yo.» 1 Tesalonik 5:27 (Bib La). Sitasyon sa a moutre pwen sa a: yon mesaj patikilye ka bezwen rive bay yon legliz presi nan yon kote presi, epi anmenmtan li aplike pou rès Legliz la ki gaye nan dis peyi wa yo, avèk menm enpòtans, menm si petèt li pa ijan pou yo tankou pou legliz li adrese a.

Lèt bay legliz yo nan dyaspora

«Se mwen menm, Pyè, apòt Jezikri, k'ap ekri lèt sa a pou nou tout ki fè pati pèp Bondye te chwazi a men k'ap viv tankou etranje, gaye nan peyi Pon, Galasi, Kapadòs, Lazi ak Bitini...» 1 Piè 1:1 (Bib La). Vèsè Bib sa a moutre se pa tout moun ki kwè ki ale nan sèvis legliz, e gen ladan yo ki gaye nan kominote kote yo rete yo. Moun sa yo, piske yo kwè nan Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou, fè pati kò Kris la menm jan ak moun ki nan sèvis legliz yo. Epi se rezon prensipal sa a ki fè evèk la voye kominikasyon bay «legliz nan dyaspora yo». Sentespri a nan chak moun ki kwè. Moun ki di lòt bagay ap blasfeme kont Sentespri a. «Mwen menm Jak, sèvitè Bondye ak Jezikri Seyè nou an, m'ap ekri lèt sa a pou douz branch fanmi yo ki gaye toupatou sou latè. Bonjou pou nou tout.» Jak 1:1 (Bib La). Sa a se yon egzanp yon mesaj ki adrese bay Legliz inivèsèl la ki gaye sou tout latè an dyaspora. Se yon mesaj inivèsèl pou tout Legliz la. Li pale de douz branch fanmi yo, alòske nan Dirèktè Lalwa Peyi Wa a, kominikasyon yo adrese bay dis peyi wa yo. Kanmenm, li tabli presedan pou adrese legliz yo sou tout latè. Presedan pou adrese legliz nan yon rejyon espesyalman te deja tabli nan nòt anvan yo.

Legliz primitiv la: lèt yon legliz voye bay yon lòt legliz

«Legliz Bondye ki rete tankou etranje lavil Wòm, bay legliz Bondye ki rete tankou etranje lavil Korint, bay moun ki resevwa apèl e ki sanktifye pa volonte Bondye, gremesi Jezikri, Seyè nou an: Se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye ki gen tout pouvwa a, gremesi Jezikri, vin pi plis sou nou.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Klemann Wòm, *Premye lèt pou moun Korint yo*, salitasyon, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885). «Legliz Bondye ki rete tankou etranje lavil Esmen, bay legliz Bondye ki rete tankou etranje nan Philomelium, ak bay tout kongregasyon Legliz sen e katolik la toupatou: Se pou mizèrikòd, lapè ak renmen ki soti nan Bondye Papa a ak nan Jezikri, Seyè nou an, vin pi plis.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) *Mati Polikap la*, salitasyon, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

25

«...y'a fè nou konparèt devan chèf gouvènman ak devan wa poutèt mwen, pou nou kapab sèvi m' temwen devan yo ak devan moun lòt nasyon yo.» Matye 10:18 (Bib La). «Le sa a, Natan di David: -Nonm sa a, se ou menm!...»

2 Samyèl 12:7 (Bib La). «Se konsa, Jan te di li: -Ou pa gen dwa pran madanm frè ou pou madanm ou.» Mak 6:18 (Bib La). «Wè Akab wè Eli, li di l': -Apa ou sa! Se ou menm k'ap rale malè sou pèp Izrayèl la konsa! Eli reponn li: -Se pa mwen ki rale malè sou pèp Izrayèl la. Se ou menm ak tout fanmi papa ou yo ki lakòz, paske nou dezobeyi lòd Seyè a te bay, n' al adore zidòl Baal yo.» 1 Wa 18:17–18 (Bib La). «Se poutèt sa, monwa, koute konsèy m'ap ba ou. Fè sa ki dwat devan Bondye pou kouvri peche ou yo. Gen pitye pou pòv malere yo pou kouvri tout mechanste ou yo! Konsa, monwa, w'a ka viv alèz ak kè poze pou lontan ankò.» Danyèl 4:27 (Bib La). «Jòdi a, m'ap ba ou otorite sou pèp yo ak sou gouvènman yo, pou ou derasinen, pou ou koupe, pou ou kraze, pou ou demoli, pou ou bati, pou ou plante.» Jeremi 1:10 (Bib La). «Men, lè Pòl pran pale sou jan moun dwe viv byen, sou jan moun dwe kontwole kò yo, sou jou jijman ki gen pou vini an, Feliks soti pè, li di: Bon, koulye a ou mèt ale. Lè m'a gen tan m'a rele ou ankò.» Travay 24:25 (Bib La). «Agripa di Pòl: Talè konsa ou pral pran tèt mwen tou pou fè m' kretyen? Pòl reponn li: Kit koulye a, kit pita, m'ap lapriyè Bondye ni pou ou ni pou nou tout k'ap koute m' jòdi a pou yon lè konsa nou vin tankou m', wetan chenn sa yo!» Travay 26:28–29 (Bib La). «Pyè ansanm ak lòt apòt yo reponn li: Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun.» Travay 5:29 (Bib La). «Mwen pa oze ofri sakrifis la si ou gen lide pou ou la.» (tradui apati tèks anglè NPNF2 10) Ambwaz Milan, Lèt 51.13, bay anperè Teyodòz, trad. H. de Romestin, nan *Nicene and Post-Nicene Fathers*, 2yèm seri, vol. 10, ed. Philip Schaff ak Henry Wace (New York: Christian Literature Publishing, 1896).

Legliz primitiv la

«Bay anperè Titus Ælius Adrianus Antoninus Pius Augustus Cæsar, ak pitit li Verissimus Filozòf la, ak Lucius Filozòf la, pitit natirèl Seza e pitit adoptif Pius, yon moun ki renmen konesans, ak bay Sen Sena a, ansanm ak tout Pèp Women an, mwen menm, Justin, pitit Priscus e pitit pitit Bacchius, moun Flavia Neapolis nan Filisti, mwen prezante diskou sa a ak petisyon sa a an favè moun tout nasyon yo rayi san rezon e yo maltrete san okenn kòz, mwen menm ki se yonn ladan yo.» (tradui apati tèks anglè ANF 1) Jisten Mati, *Premye Apoloji*, chap. 1, nan *The Ante-Nicene Fathers*, ed. Alexander Roberts ak James Donaldson, vol. 1 (Buffalo, NY: Christian Literature Publishing, 1885).

26

«Men repons Seyè a ban mwen. Li di m' konsa: -Ekri sa mwen pral fè ou wè a. Grave l' byen grave sou wòch plat pou moun ka li l' fasil.» Abakouk 2:2 (Bib La). «Se konsa, mwen menm tou, mwen chache konnen tout bagay sa yo byen depi nan konmansman yo. Koulye a, mwen kwè se yon bon bagay pou m' ekri yo tout, yonn apre lòt, jan sa te pase a pou ou menm tou, chèf mwen...» Lik 1:3 (Bib La). «Men, tout bagay fèt pou fèt avèk respè, avèk disiplen.» 1 Korint 14:40 (Bib La).

27

«Depozisyon yon sèl temwen pa kont pou moutre si yon moun fè yon krim, osinon yon bagay mal tout bon nan nenpòt akizasyon yo ta ka fè sou do li. Fòk gen de osinon twa temwen ki pou fè depozisyon kont li pou akizasyon an ka kenbe.» Deteronòm 19:15 (Bib La). «M'ap vin lakay nou pou yon twazyèm fwa. Lè sa a, jan sa ekri nan Liv la, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen.» 2 Korint 13:1 (Bib La). «Men, si li pa vle koute ou, pran yonn osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen.» Matye 18:16 (Bib La). «Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo: yo te resevwa pawòl la byen vit

san traka. Chak jou yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa Pòl t'ap di yo a se vre.» Travay 17:11 (Bib La). «Egzaminen tout bagay byen, kenbe sa ki bon.» 1 Tesalonik 5:21 (Bib La).

Tout pasaj Bib an kreyòl ki sou paj sa a soti nan *Bib La* (1985), ki nan domèn piblik. Tèks: ebible.org/hat. Yo site vèsè yo san yo pa chanje anyen; twa pwen (...) make kote yo kite yon pati.